ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№126 (24.408) ● 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 22, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Іэтащхьэм деж къыщызэрагъэпэщащ властым и органхэм я зэдэлэжьэкІэр езыгъэфІакІуэ оперативнэ штаб

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм шынагъуэншагъэмкІэ Оперативнэ штаб къыщызэгъэпэщыным теухуа унафэм Іэ щІидзащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Штабым и унафэщІыр езы КІуэкІуэр аращ.

Мыр къызэрагъэпэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир и Унафэм ипкъ иткІэ. Оперативнэ штабым хэтщ республикэм и къэрал, щІыналъэ, щІыпІэ гъэзэщІакІуэ органхэм я унафэщІхэр.

- ЩІыналъэм и шынагъуэншагъэр гъэбыдэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр цІыхубэм зыкІи зэран яхуэхъунукъым. Ауэ властым и органхэм къапэщылъщ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыну, щыІэкІэпсэукІэр зэпха Іуэхущ ІапІэхэр яхъумэну, ди сэлэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зыщІагъэкъуэну, щІыналъэ гъунапкъэхэмрэ таможенэ къэпщытапІэхэмрэ я нэІэ трагъэтыну. НэгъуэщІу жыпІэмэ, властым и органхэр щІэгъэхуэбжьауэ лэжьэнущ, уз зэрыцІалэр къыщежьам зэрыщытам хуэдэу. Ди цІыхухэм я псэукІэм ар зыкІи къыжьэхэуэнукъым: ІуэхущІапІэхэр альандэрэ зэрылэжьам хуэдэу дяпэкІи я къалэныр ягъэзэщІэнущ, - къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

**Президент грантхэм я Фондым иригъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІа «ТекІуэныгъэм и зекІуэ» псэкупсэ пэхуэщІэм (проектым) хэта щІалэгъуалэ гупыр иджыблагъэ Ингуш щІыналъэм щыІащ. Ныбжьыщ Іэхэм зрагъэлъэгъуащ Кавказым и щхьэхуитыныгъэм папщІэ советыдзэр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм щапэщІэта щІыпІэхэр. 1942 - 1943 гъэхэм екІуэкІа зауэ гуащІэр Мэздэгу - Мэлгъэбэг стратегие операцэм щыщ зы Іыхьэт, Хэку зауэшхуэм и тхыдэмкІи мыхьэнэшхуэ зиІэт.**

# ТекІуэныгъэм и гъуэгухэр

● Жылагъуэ




«ТЕКІУЭНЫГЪЭМ и зекІуэ» зыфІаща Іуэхугъуэр къызэригъэпэщащ «Урысей географие зэгухьэныгъэм» хэт «Альтаир» щІалэгъуалэ хасэм. Абы хэтащ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт ІуэхущІапІэхэм щІэс еджакІуэхэр, студентхэр, лъахэхутэхэр.

Фэеплъ щІыпІэхэр яригъэлъагъуну щІалэгъуалэм гъуазэ яхуэхъуащ «Урысейм и лъагъуэхутэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Дзейтов Беслъэнрэ «Лъэпкъ фэеплъ» лъагъуэхутэ гупым хэт щІалэхэмрэ. Ахэр щыІащ зэхэуэ гуащІэхэр щекІуэкІа Тэрч тхыцІэм, къуэшыкхъэхэм, Хэкум и ХъумакІуэхэм я фэеплъ нэхъ ин дыдэм.

Зауэ лъэхъэнэм щІыпІэм щекІуэкІа зэхэуэм и гугъу щищІым, Дзейтов Беслъэн къыхигъэщащ илъэс 20-м щІигъуауэ зи унафэ ищІ щІыналъэ зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІыр. «Ди гупым хэт лъагъуэхутэхэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэда зауэлІхэм я хьэдэхэр къалъыхъуэж, абыхэм я цІэ-унагъуэцІэхэр зэфІагъэувэж, я фэеплъхэр зэрагъэпэщыж. Іуэхур къызэрымыкІуэу гугъущ. Илъэс 77-рэ дэкІащ зауэр зэрыувыІэрэ. Ауэ нобэр къыздэсым ди зауэлІхэм я нэхъыбэм иужьрей увыІэпІэр ягъуэтыжакъым. Зи псэр зыта щІалэхэр щепсыхам деж къыщынэурэ дзэр адэкІэ зэрыкІуатэм къыхэкІыу, нэхъыбэр хъыбарыншэу кІуэдырт, я хьэдащхьи, я псэущхьи ямыгъуэтыжу. 1942 гъэм екІуэкІа зауэм зэпэщІэт лъэныкъуитІым мыхьэнэшхуэ иратырт. Германиемрэ абы и дарэгъухэмрэ Кавказым и щІыдагъэр къыщыщІаш щІыпІэхэр яубыдыну хущІэкъурт. «Блиц-кригыр» къаймыхъулІэу зауэр кІыхьлІыхь щыхъум, Кавказыр нэщанэуапІэ хъуат, мыбдеж зэщэр къащыІэрыхьэмэ, зауэр яхьыну къалъытэрт. Абы и лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, Ингуш щІыналъэм и ищхъэрэ щІыпІэхэр малъхъэдисым хуэдэт: мыбдеж щІыдагъэр щыкуэдт, щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэри щымащІэтэкъым. Мэлгъэбэг кудэщхьэпІэр (Малгобекское нефтяное месторождение) бийм ІэщІыхьэмэ, Къэлъахэжь къуэладжэкІэ (Алханчуртская долина) зэджэ щІыпІэм тыншу уихьэфынут, адэкІэ Грознэ къалэри уи ІэмыщІэм илъ хуэдэт.

1942 гъэм и фокІадэ мазэм и етІуанэ Іыхьэм Мэлгъэбэг деж щекІуэкІа зауэм Вермахтым и япэ танкыдзэр, къанэ щымыІэу, хишат, стратегие мыхьэнэ зэрыритыр имыущэхуу, техникэкІэ зэгъэпэща лъэсыдзэри къыщІигъужат. ФокІадэм и 28-м Псыгъуабжэ (Сагопши) деж 1942 гъэм и кІуэцІкІэ къэхъуа танкыдзэ зэхэуэ нэхъ ин дыдэр щекІуэкІащ. ЛъэныкъуитІым танкхэр щэ бжыгъэкІэ щызэпэщІэтащ, топыр мин бжыгъэкІэ щагъэуащ. Иджы къалэ хъуа Мэлгъэбэг жылэр а лъэхъэнэм къуажэу щытащ. 1942 гъэм фокІадэм и 12-м къыщегъэжьауэ 1943 гъэм щІышылэм и 3-м нэс 14-рэ зым ІэщІыхьэмэ, адрейм къыІэщІихыжу зауэ хьэлъэхэр екІуэкІащ. Мэлгъэбэг деж Дзэ Плъыжьым щыфІэкІуэдар къыпхуэмылъытэну куэд мэхъу - зауэлІрэ дзэзешэу мини 120-м щІегъу. Вермахтми цІыхушхуэ фІэкІуэдат, ауэ адэкІэ зэрыкІуэцІрымыкІыфынур къыгурыІуэри, икІуэтыжауэ щытащ.

2007 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкІэ Зауэ ЩІыхьым и къалэ цІэ лъапІэр Мэлгъэбэг къыфІащауэ щытащ.

КъызэрывгурыІуащи, зэуапІэм цІыхушхуэ икІуэдащ. Ахэр къэлъыхъуэжыныр, я фэеплъыр зэфІэгъэувэжыныр нобэ щыІэхэм ди къалэнщ. Зауэр щекІуэкІа щІыпІэхэр зэрытщІэм, дэнэ деж сыт хуэдиз цІыху хуэгъэфэщауэ хэтами дызэрыщыгъуазэм къыхэкІыу, къэтлъыхъуэмрэ къыщытлъыхъуэн хуеймкІэ гъуазэрэ еплъыкІэ пыухыкІахэмрэ диІэщ», - яжриІащ щІалэгъуалэм Дзейтов Беслъэн.

Апхуэдэу зэуапІэр къыщаплъыхьым, щІалэгъуалэм зрагъэлъэгъуащ лъэныкъуитІыр зэрызэпэщІэтар къызытещ сурэт теплъэгъуэ иныр, яІыгъа Іэщэхэр. Ахэр «Урысейм и лъагъуэхутэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щІыналъэ къудамэм илъэситхум и кІуэцІкІэ зэхуахьэсат. Тхыдэ икІи фэеплъ мыхьэнэ зиІэ хьэпшыпхэм, теплъэгъуэхэм, тхыгъэжьхэм, картэхэм Іэмал къатащ лъагъуэхутэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и пщІэмрэ и мыхьэнэмрэ зыхуэдизыр нэхъ гурыІуэгъуэ ящищІын.

«ТекІуэныгъэм и зекІуэ» хэкупсэ пэхуэщІэр гъэзэщІа, щІалэгъуалэ нэхъыбэ абы къыхэша хъун я ІуэхукІэ щІэгъэкъуэн мэхъу КъБР-м Курортхэмрэ туризм хуэІухуэщІэхэмкІэ и министерствэр, КъБР-м Егъэ-джэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр, «Урысейм и лъагъуэхутэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэщІэхъееныгъэр, Урысей географие зэгухьэныгъэр.

**ШУРДЫМ Динэ.**



# ЗыхузэфIэмыкIхэм къэралыр зэрадэIэпыкъу Iэмал

● КъБР-м и Парламентым

**КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и зэIущIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ социальнэ контрактыр и лъабжьэу, къэралым цIыхухэм зэрызащIигъакъуэм зэрызрагъэужьыну Iэмалхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэ**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим**, депутатхэр, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

Псалъэ щратым, КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** жиIащ социальнэ контрактыр зэрыIэмалыфIыр унагъуэ хуэмыщIахэм, зи закъуэу псэухэм ядэIэпыкъунымкIэ, апхуэдэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ.

- Социальнэ IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэ хуэмыщIахэм щыщхэмрэ зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм къегъэлъагъуэ а къэрал дэIэпыкъуныгъэм фIы къызэрыпэкIуэр. Нобэ абы и лъэныкъуэкIэ дызыхунэсахэми щыIэ гугъуехьхэми сыхуейт купщIафIэу дытепсэлъыхьыну, - жиIащ Къэжэрым.

Асанов Алим зэрыжиIамкIэ, зи гугъу ящI зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ, цIыхум дэIэпыкъуныгъэ игъуэтынущ уней IуэхущIапIэ гуэр къызэIуихынымкIэ, лэжьапIэ увынымкIэ, езым и жыг хадэм е Iэщ гъэхъуным зригъэужьынымкIэ.

Мы Iэмалыр ди республикэм къагъэсэбэпын щыщIадзащ 2014 гъэм. Абы щыгъуэм унагъуэ 20-м зыщIагъэкъуащ. 2019 гъэ пщIондэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэу 160-рэ ятхащ икIи абыхэм псоми зэхэту сом мелуани 8-м нэблагъэ республикэм тригъэкIуэдащ.

- Мы Iуэхум и къызэгъэпэщыкIэм щIэ халъхьэу, къэралми мылъку къахудыщIигъу щыхъум, цIыхухэм иращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм я бжыгъэм 2020 гъэм зэуэ хэхъуащ, - жиIащ министрым. - 2021 гъэм мы дэIэпыкъуныгъэр къаIэрыхьащ цIыху 2343-м. ЛэжьапIэ къахуэгъуэтыным, хьэрычэт мыин къызэрагъэпэщыным, зэлэжь Iуэхур ирагъэфIэкIуэным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ зэгурыIуэныгъэ 426-рэ ятхащ.

Асановым къыхигъэщащ къэралым зыхуигъэувыж къалэныр цIыхухэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуным зэримызакъуэр, атIэ унагъуэ хуэмыщIахэм ящыщхэр тхьэмыщкIагъэм къыхэшынымкIэ щIэгъэхъуэн яхуэхъуным иужь зэритыр. Зи гугъу тщIы унагъуэхэм хиубыдэр цIыхур ирипсэун папщIэ я нэхъ мащIэу зыхуейм хуэдиз хэхъуэ зимыIэхэрщ.

Мы Iуэхур къызэзыгъэпэщхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ IэнатIэхэм къадэкIуэу, нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэри къыхашащ. Абыхэм ящыщщ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ центрхэмрэ хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Къапщтэмэ, ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ центрхэм лэжьапIэншэу зыщезыгъэтхахэм ящыщу социальнэ контракт хуейхэр абдеж щрагъаджэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыбэу мэкъумэшым зэрыпылъыр къалъытэри, 2021 гъэм федеральнэ мылъку хухахащ унэм деж зы Iуэху гуэрым щелэжьхэм иридэIэпыкъуну. Абы щхьэкIэ цIыхум иригъэтхын хуейщ и щхьэ Iуэхум телэжьэжу зэрыщытыр.

Министрым зэрыжиIамкIэ, зэгурыIуэныгъэхэр гуэшащ, псалъэм папщIэ, абы и процент 20-м мынэхъ мащIэ лъысын хуейщ цIыхухэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтыным теухуауэ зэрызыщIагъакъуэм, процент 10-р ират хьэрычэт Iуэху къызэIуахынымкIэ ядэIэпыкъуным, я унэ-пщIантIэ къыщызэрагъэпэщыж лэжьыгъэм зрагъэужьыным е щытыкIэ гугъум къыхэкIыным процент 25-рэ нэхърэ нэхъыбэ мыхъуу щытыпхъэщ.

Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэм хуэныкъуэхэр зэкIуэлIэн хуейр щыпсэу щIыпIэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэрщ.

2021 гъэм къыщыщIэдзауэ ЦIыхухэм защIэгъэкъуэнымкIэ зыуэ щыт къэрал системэм зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэ псори иратхэ.

Къэралыр цIыхум зэрыдэIэпыкъу Iэмалыр нэхъыфI ящIын папщIэ, 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ хагъэхъуащ хьэрычэт Iуэхум елэжьыну хуейхэмрэ я щхьэкIэ яIэ Iуэхум зезыгъэужьыну закъыхуэзыгъазэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэ ахъшэм.

2022 гъэм и жэпуэгъуэм ирихьэлIэу апхуэдэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэр къаIэрыхьащ цIыху мини 2,5-м щIигъум. Социальнэ контракту 526-рэ иращIылIащ: лэжьыгъэ къахуэгъуэтыным теухуауэ - 192-рэ, хьэрычэт Iуэху къызэрагъэпэщынымкIэ защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ - 137-рэ, я щхьэ Iуэхум зрагъэужьыным - 96-рэ, нэгъуэщI щытыкIэ гугъухэм къыхэкIыным хуэгъэзауэ - 100. Псоми зэхэту сом мелуан 63-м щIигъу текIуэдащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и къудамэу Бахъсэн, Прохладнэ, Шэрэдж районхэм щыIэхэм я унафэщIхэу **ПщыхьэщIэ Олег**, **Иокерс Наталье**, **Батчаев Алим** сымэ.

ИрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къапщытэжа нэужь, зэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ зи гугъу ящIа дэIэпыкъуныгъэр зрат унагъуэхэр къызэрыхахым ткIийуэ зэрыкIэлъыплъыпхъэмрэ апхуэдэ Iэмал зэрыщыIэм цIыхухэр нэхъыфIу щыгъэгъуэзэн зэрыхуеймрэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Правительствэм

# ЩIыналъэм иIэну мылъкум теухуауэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьа зи чэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.**

КъБР-м 2023 гъэмрэ къэблэгъэну 2024, 2025 илъэсхэмрэ ятещIыхьауэ иIэну социально-экономикэ щытыкIэр къигъэлъэгъуащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**. Ар лIэужьыгъуитIу ягъэбелджылащ. Япэ лIэужьыгъуэм деж экономикэ зыужьыныгъэр инвестицэм тещIыхьауэ щытщ, инфраструктурэ проектышхуэхэр хэтщ. ЕтIуанэм деж социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным тещIыхьауэ щыIэ хабзэхэм захъуэжыркъым.

- Проектым къигъэувхэр тэмэму гъэзэщIа хъумэ, 2022 гъэм щIыналъэм къыщалэжьар (псори зэхэту) процент 103,8-кIэ гъэзэщIа хъуну дыщогугъ. Ар сом мелард 242-м нэблэгъэн хуейщ. Къапщытэ пIалъэм и кIэухым къриубыдэу ВРП-р процент 126,5-кIэ хэхъуэну дыпоплъэри, ар сом мелард 306-м нэсынущ. ВРП-р хэхъуэнущ промышленностым, мэкъумэш, ухуэныгъэ IэнатIэхэм, сату Iуэхум я фIыгъэкIэ.

2025 гъэм ирихьэлIэу хэхъуэр зыхуэдизынур япэ Iэмалым тету къэеббжмэ, сом мелард 15,2-рэ хъунущ, етIуанэмкIэ - сом мелард 14,2-рэ.

ЗэIущIэм къыщащтащ 2023 гъэмрэ къэблагъэ 2024, 2025 илъэсхэмрэ ятещIыхьауэ республикэ бюджетыр зыхуэдэнум и проектыр. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**. Министрым зэрыжиIащи, бюджетым иджыри зэхъуэкIыныгъэ игъуэтынкIэ хъунущ. 2023 гъэм республикэм и хэхъуэр сом мелард 52,2-рэ, 2024, 2025 гъэхэм - сом мелард 50,2-рэ, сом мелард 42,1-рэ (зэрызэкIэлъыкIуэу) хъуну ягъэбелджылащ. Налог, мыналог мылъкуу 2023 гъэм къахэхъуэну хуагъэфащэ сом мелард 14,2-рэ, 2024-м - сом мелард 14,8-рэ, 2025-м - сом мелард 15,4-рэ.

2023 гъэм республикэм зымыгъэзэж мылъкуу къыхэхъуэнущ сом мелард 38-рэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситIым - сом мелард 35,4-м, сом мелард 26,7-м тращIыхь.

Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм хуэунэтIа ахъшэхэр хуэгъэфэщауэ ягъэбелджылащ. Абы щыщу 2023 гъэм тещIыхьа субсидиер сом мелард 20,3-рэ, субвенцэр сом мелуан 923,6-рэ, нэгъуэщI бюджетзэхуаку трансфертхэр - сом мелуан 689,3-рэ хъун хуейщ. 2023 гъэм КъБР-м къигъэсэбэпыну хуагъэфащэ сом мелард 55,9-рэ, 2024 гъэм - сом мелард 50,1-рэ, 2025-м - сом мелард 41,1-рэ.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, ухуэныгъэ Iуэхухэм трагъэкIуэдэну ахъшэр елъытауэ щытынущ федеральнэ мылъкуу абы къыхуаутIыпщым. 2023 гъэм хуэзэр сом меларди 6 мэхъу. Мылъкур трагъэкIуэдэнущ мы гъэм яухуэну кърагъэжьа школиблымрэ щIэуэ кърагъэжьэну школиймрэ; и кIэм нагъэсын хуейщ щIалэгъуалэм я уардэунэу Налшык щащIыр, онкологие центрыр, зы поликлиникэ. Тырныауз къыщрагъэжьэну я мурадщ псы зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэ, Эльбрус къуажэм дащIыхьын хуейщ къуажэ амбулаторэ, сымаджэщ, фельдшер IуэхущIапIэ.

Республикэм и бюджетым и проектыр и кIэм нэсу Парламентым щагъэбелджылыжынущ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къыщыхъуа щIэпхъаджагъэм хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэу хэкIуэда цIыху 32-м я унагъуэхэм мылъкукIэ дэIэпыкъунущ. А Iуэхум хухахащ сом мин 960-рэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым и Унафэм, ДНР-м, ЛНР-м, Украинэм щхьэхуимыту къиIэпхъукIын хуей хъуа цIыхухэмрэ гражданствэ зимыIэхэмрэ зэрыдэIэпыкъуну щIыкIэм теухуам. Бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ мазэ къэс абыхэм пенсэу сом мини 10, ныкъуэдыкъуэхэм хухаха дэIэпыкъуныгъэу - сом мини 10, а дэIэпыкъуныгъэм дыщIагъуж сом мини 3, Хэку зауэшхуэм хэтахэм - сом мини 5 Iэрагъэхьэ. ЗэрыIыгъыу ират: уэндэгъухэм - сом мини 10, сабий къызыхэхъуахэм - сом мин 20. Илъэс 18 иримыкъуа зы сабийм ират мазэм хуэзэу сом мини 4. Зи закъуэу бын зыпI адэхэмрэ анэхэмрэ зы быным хуэзэу сом мини 10.

ЗэIущIэм хэтхэм зэдэарэзыуэ къащтащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм епха IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным теухуауэ къыхилъхьа проектыр. Республикэм, къалэхэм я центр зыбжанэ зэхагъэхьэжкIэрэ, щIэуэ къэунэхунущ ЦIыхухэм щадэIэпыкъу республикэ центр.

«ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ фондым 2022 гъэмрэ къыкIэлъыкIуэну 2023 - 2024 гъэхэмрэ ятещIыхьа и бюджетым» и законым зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр игъуэтащ. Транспортым, псым, щIалэгъуалэ политикэм я IуэхукIэ унафэ зыбжанэ къащтащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.

# ЩIымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыр

**ЩIымахуэ лъэхъэнэм Ставропольем, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым, Шэшэным, Дагъыстэным я къэрал гъуэгухэм шынагъуэншэу икIи щIызэхуащIын хуей щхьэусыгъуэ къыхэмыкIыу ущызекIуэфын папщIэ Гъуэгухэм якIэлъыплъынымкIэ «Кавказ» IуэхущIапIэм и гъуэгу лэжьакIуэ 800-м щIигъу а IэнатIэм пэрытынущ, абыхэм къагъэсэбэпынущ техникэ хэхауэ 516-рэ. АбыкIэ хъыбар къидигъэщIащ IуэхущIапIэм и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ Тхьэмокъуэ Миланэ.**

ГЪУЭГУ техникэм хохьэ: машинэ зэмылIэужьыгъуэу 254-рэ, автогрейдеру 61-рэ, уэсытхъуу 5, экскаваторрэ погрузчикыу 85-рэ, бульдозер 16, шэрхъым тет трактору 42-рэ, дэIэпыкъуэгъу техникэу 53-рэ. Лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъын икIи и чэзум щытыкIэхэр ягъэзэкIуэжын папщIэ техникэхэр пащIащ «ГЛОНАСС»-р зи лъабжьэ «Дортранснавигация» зэрыкIэлъыплъ системэм. Гъуэгу техникэ гъэувыпIэ 60-рэ лэжьакIуэхэм папщIэ пэш хуабэ 55-рэ къызэрагъэпэщащ.

Гъуэгур щыщтырыгъум деж тракIутэ пшахъуэмрэ шыгъумрэ щызэхалъхьэ базэ 51-м. НобэкIэ апхуэдэ зэхэлъу тонн мини 155-рэ ягъэхьэзыращ, ар дызыхуэкIуэ щIымахуэм къриубыдэу зыхуэныкъуэнум и процент 90 мэхъу. Дунейм щытыкIэ къызэрымыкIуэ къыщыхъумэ, гъуэгу лэжьакIуэхэм къагъэсэбэпынущ шыгъуу процент 50-м нэс зыхэлъ, Iумылыр зыгъэткIу материалхэр. «Кавказ» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм фIагъым кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлIхэм гъуэгухэм тракIутэ зэхэлъхэр физико-химие, технологие я лъэныкъуэкIэ зыхуэдэр лабораторэхэм къыщапщытэ. ЩIымахуэ лъэхъэнэм гъуэгухэм зыгуэркIэ ныкъусаныгъэхэр ягъуэтмэ е асфальтыр зэрагъэпэщыжын хуей хъумэ, абыхэми къыхуагъэсэбэпыну материалхэр хуагъэхьэзыр. Уэсыр куэду къызытрихьэнкIэ шынагъуэ здэщыIэ гъуэгу Iыхьэхэм уэсыр къэзыгъэувыIэ ухуэныгъэхэр щагъэув. ЩIымахуэм зыхуэгъэхьэзырыным епха лэжьыгъэхэр 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

ЩIыIэ къызэрыхъунум хуагъэхьэзыращ Iэрыщl ухуэныгъэхэмрэ псы дэжыпIэхэмрэ. КИФЩI-м и щIыналъиблым апхуэдэу лъэмыж 503-рэ, тоннель 13, уэсукхъуэм пэщIэтын галереeу 5, лъэс зэпрыкIыпIэу 33-рэ, псы зрикIуэ бжьамий 2964-рэ щыIэщ.

Дунейм и хуабагъ-щIыIагъым, гъуэгум телъ асфальтобетоным и температурэм, жьым и псынщIагъэмрэ ар здепщэ лъэныкъуэмрэ къапщытэн папщIэ метеостанцэ 85-рэ ягъэуващ. Гъуэгухэм кIэлъыплъынымкIэ «Кавказ» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр жэщ-махуэ ямыIэу ядолажьэ МЧС-м, ГИБДД-м я управленэхэмрэ «Гидрометеорологиемрэ къэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ управленэ» ФГБУ-мрэ.

«Кавказ» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм апхуэдэуи жэщи махуи щолажьэ диспетчер IэнатIэм и телефоныр: **+7 (8793) 33-11-59**.

Псори зэхэту «Кавказ» ФКУ-м и нэIэм щIэтщ Урысей Федерацэм и КИФЩI-м и щIыналъиблым кIуэцIрыкI къэрал автомобиль гъуэгухэу километр 2877,5-рэ. Апхуэдэу абы къызэщIеубыдэ Ставрополь крайм щыщ километр 828-рэ, Дагъыстэным - 688-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - 386,5-рэ, Шэшэным - 336-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым - 326-рэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием - 270-рэ, Ингушым - 42,5-рэ зи кIыхьагъ гъуэгухэр.

**МЭЗКУУ Къан**.

# «Хъыбар зиIэ псалъэжьхэр»

● ТхылъыщIэ

**Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист, Урысейм и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт Къудей Владимир илъэс бжыгъэкIэ зэхуихьэсу къыдигъэкIа «Хъыбар зиIэ псалъэжьхэр» тхылъыр лъэпкъ гъуазджэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъунум шэч хэлъкъым. Тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрызэдзэкIам и фIыгъэкIэ, ди къэралым ис дэтхэнэми адыгэм ди лъэпкъ Iущыгъэхэм зыщагъэгъуэзэфынущ.**

**Тхылъыр Къудейм фэеплъ яхуещI адыгэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Нало Ахъмэдхъанрэ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэрэ.**

- Мы тхылъым щызэхуэхьэсащ хъыбар е псысэ зиIэ псалъэжьу згъуэтар, - жеIэ Къудейм. - Псори 170-м щIегъу. Тхылъым ахэр къыщыхьащ Iыхьитlу. Япэм хыхьащ псалъэжьхэмрэ ахэр къызытекIа хъыбархэмрэ, етIуанэм хъыбар зиIэ псалъэ шэрыуэхэр, жыIэгъуэхэр.

Адыгэ псалъэжьхэм къызэщIаубыдэ илъэс мин бжыгъэкIэ ди нэхъыжьхэм акъыл, хьэл, губзыгъагъэ, дерс къызыхаха псори. Апхуэдэу щыт пэтми, иджырей щIалэгъуалэм псалъэжьхэр фIыуэ ящIэркъым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ фIыуэ пщIэным иIэ мыхьэнэр къызыгурыIуэр. Ахэр цIыхубэм и гурыщIэ дахэм къыбгъэдокI, гуапэу, цIыхур иущийуэ, чэнджэщэгъу хуэхъуу, гушыIи хэлъу гъащIэм узыщрихьэлIэ нэхъ Iуэхугъуэ хьэлъэ дыдэхэр еубзыху. Псалъэжьхэр цIыху зыхуэгъэзам и жагъуэ хъун, и гум ежэлIэн хуэдэу пыджэркъым, къемызэгъ гуэри хэткъым, атIэ цIыхум догушыIэ, догуфIэ. Абыхэм, адрей Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу, къагъэлъагъуэ лъэпкъым щэнхабзэ лъагэ зэриIэр, цIыхухэм я зэхуаку зэхущытыкIэ екIу зэрыдэлъар.

Хъыбар е псысэ я гъусэу мыпхуэдиз псалъэжь щызэхуэхьэса тхылъ нэхъапэкIэ диIакъым. Ахэр урысыбзэкIэ зэдзэкIащи, адыгэбзэр фIыуэ зымыщIэу зэзыгъэщIэну хуейхэм сэбэп яхуэхъуну сыщогугъ. Апхуэдэу языныкъуэ псалъэжьхэм къарыкIхэри гъусэ яхуэтщIащ, ахэр щыуагъэ хэлъу ягъэнахуэу ущрихьэлIэ щыIэщи.

Мы тхылъым къыщытхьа хъыбархэмрэ псысэхэмрэ, сэ сызэреплъымкIэ, нэхъыфIу хэлъхэм ящыщщ псалъэжьхэм я къежьэкIар, цIыхубэм хыхьа зэрыхъуа щIыкIэр къызэрыдагъащIэр. Псалъэжь псоми хъыбари псыси зэрамыIэр гурыIуэгъуэщ е ахэр тIэщIэхужауэ ара? ИтIанэ псалъэжьхэм яхэтщ щIыпIэ псоми къыщагъэсэбэпи языныкъуэ щIыпIэхэм фIэкIа щамыщIи. Абы щхьэкIэ а псалъэжьхэм я мыхьэнэр кIуэдыркъым, дауи. Апхуэдэ хъыбар зыкъом мыбы къыщысхьащ сэ сыкъыщалъхуа Къаншыуей (Тэрч щIыналъэм) къуажэм къыщыхъуауэ, ноби а жыIэгъуэхэмрэ псалъафэхэмрэ къыщагъэсэбэпу. Апхуэдэ хъыбархэмрэ абыхэм къатекIа псалъэ шэрыуэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ къуажэ къэс куэду дэлъщ, ахэр зэхуэпхьэсыныр икъукIэ лэжьыгъэшхуэщ. Ауэ лъэпкъым и акъыл жанагъыр къэзыгъэлъагъуэ а псалъафэхэм я мыхьэнэр инщ.

Мы тхылъыр лэжьыгъэ щхьэхуэми, къэлъытапхъэщ ар ипэкIэ къыдэкIа тхылъитIым къапызыщэ Iыхьэу зэрыщытыр. Зи гугъу сщIыр, псом япэрауэ, «Адыгэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ, языныкъуэхэм я мыхьэнэр гъэнэхуауэ» (Налшык, 2021 гъэ). Адыгэ псалъэжьрэ псалъэ шэрыуэу 5300-м щIигъу щызэхуэсхьэсащ. Абы къыкIэлъокIуэ «Адыгэ псэукIэ» зыфIэсщар. Мыбы псалъэжьу итыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ, нэхъыбэрэ къагъэсэбэпу къысщыхъухэр къыхэсхауэ. Си гугъэмкIэ, мы тхылъыр къыщагъэсэбэп унагъуэм адыгэбзэр шэрыуэу щызекIуэнущ.

Нобэ фи пащхьэ исхьэ лэжьыгъэр нықъусаныгъэншэу жысIэркъым.

Дауэ щытми, хэт сыт хуэдэ Iуэху еплъыкIэ мы тхылъым щхьэкIэ иIэми, сыхуэарэзыщ, мыхьэнэ зиIэу къыхалъхьэхэр къэзгъэсэбэпынущ, иужькIэ тхылъыр къыщыдэзгъэкIыжкIэ хэзгъэхьэжынуи фыкъызогъэгугъэ. Мы си почтэмкIэ (kudaev54@yandex.ru.) фи Iуэху еплъыкIэр къысхуевгъэхь хъунущ.

Си гуапэщ тхылъыр цIыхум къахуэсэбэпмэ, щIалэгъуалэм псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, щIагъыбзэхэр, къуажэхьхэр, хъуэрхэр, хъуэхъухэр зэпадзыжу, фIыуэ ягъэшэрыуэу слъагъумэ.

***Къудейм и тхылъым щызэхуихьэсыжауэ хъыбар зиIэ псалъэжьхэм ящыщ зыбжанэ тыдодзэ.***

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**






## Е пщIауэ фIым ущымыгугъ

**Е пщIауэ фIым ущымыгугъ, фIы пщIами ущIэмыфыгъуж, жаIэу куэдрэ урохьэлIэ. Мыр зи мыхьэнэр икъукIэ лъагэ псалъэжьхэм ящыщщ икIи хъыбар зыбжанэ иIэщ. Абыхэм ящыщу нэхъ гъэщIэгъуэну къытщыхъур фи пащхьэ идохьэ.**

Еуэри, лIыжь гуэрым пхъэгъэсыныр къыIэщIэухати, джыдэрэ кIапсэрэ къищтэри мэзым кIуащ. Нэсщ мэзми, къыхуэхьын хуэдэу жыг гъуа гуэрым еувалIэри, джыдэмкIэ еуащ. Зэуа пхъэм макъ хьэлэмэт гуэр ищIащ, гъущIым хуэдэу.

- Мыр сыт гъэщIэгъуэн, мыбдежым гъущI дэнэ къыздикIар?- жиIэри игъэщIэгъуащ дадэм. Жыгым и лъабжьэм щIэт удзыр щIигъэкъэбзыкIри, еплъащ джыдэр зыжьэхэуам. Нэхъри къитIэщIмэ, кхъуэщынышхуэ щIэлът, дыщэ изу илъу. «Уэлэхьи, сехъулIам, си пхъэ къэхьыни къэмыт сэ», - жиIэри бжэгъу иупэпцIри, кхъуэщыныр къыхитIыкIащ, кIапсэр кхъуэщыным ирищIэщ, и плIэм ирилъхьэри, кърихьэжьэри къежьэжащ.

КъакIуэурэ, лIищ шыгум ису къыщIэрыхьащ икIи сэлам кърахащ:

- Ей, гъуэгужь апщий!

- Упсэу апщий!

- Сыт мы пIыгъыр, сыту хьэлъэ хуэдэ? - къоупщI лIыжьым.

- Уэлэхьи, дыщэ къызохьым, хьэлъэми - къыстемыхьэлъэ.

- Дыгъэлъагъут, - жаIэри, еплъри, дыщэ изу илът.

- Къыдэщэ мы дыщэр, - жиIащ зым.

- Уэлэхьи, фызощэм.

- ЛIо жыпIэнур? - щIэупщIащ адрейр.

Адрейм: «Уэрей абы и уасэр сэ иджыпсту естынмэ», - жиIэри, зыщIыпIэкIэ дэIэбэщ, уадэ къыдихри лIыжь цIыкIур иукIащ. Кхъуэщыныр гум кърагъэувэри къежьэжащ.

ЛIыжьыр зыукIамрэ нэгъуэщI зымрэ гупкIэм пыст.

- Мор дыгъэукIи, дыщэр уэрэ сэрэ дгуэшынщ, - жеIэ зым. Адрейри абыкIэ арэзы мэхъу. ТIэкIу едзэкъэну гъуэгум дадзыхащ, шитIыр щIитIыкIри илъэхъащ шыгухум. ЩIакIуэр кърихри, гъуэлъри жеящ.

- ЛIыжь цIыкIур сэ сукIащ, мы шыгухур иджы уэ уи Iыхьэщ, - щыжиIэм, адрейм псалъэ лей химылъхьэу, уадэр къищтэри, мо жейуэ хэлъыр еуэри иукIащ. Ар мэз лъапэмкIэ ялъэфри, къуацэ тIэкIу традзэжащ.

- Уэлэхьи, иджы дыщэр уэрэ сэрэ къытхуэнамэ. Иджы, уэ къуажэм кIуэи тшхын - дызэфэн гуэр къэхь, дефэнщ - дешхэнщи, дыщэр дгуэшынщ.

Еуэри, аркъэ, ерыскъы зыкъом къищэхуащ, Iэзэ гуэр къигъуэтри, щхъухьпсыхь зыхригъэщIащ, аркъэм хилъхьэу и гъусэр игъэлIэну.

Щхъухьыр фадэм хилъхьауэ къокIуэж. Модрей хьэрэмыжьри ауэ щыскъым, атIэ и гъусэр иукIыну уадэр хьэзыру иIыгъыу чыцэм хэсщ.

Арати, пащIэ уэрэд жиIэу къуажэм къикIыж щIалэжьыр пабжьэм къыщысым, гъуабжэгъуэщым хуэдэу и гъусэр къыхэцIэфтри иукIащ. ЛIыукI бзаджэнаджэм мобы къихь ерыскъымрэ фадэмрэ къищтэри щIакIуэр здэщылъым деж игъэзэжащ, зэ ефэри зэдзэкъар иригъэхыну хунэмысу къытехуэри лIащ.

ЩIакхъуэри къэнащ, фадэри къэнащ, езыри лIауэ щылъщ.

Еуэри, Чэбэм щыIауэ къэкIуэжу зы лIыку кърохьэлIэ гум деж щылъ хьэдэм. Зеплъыхьри, шитIыр мэхъуакIуэ, адэкIэ гъуэгубгъум дежи зы хьэдэ щылъщ. Мэз лъапэмкIэ кIуэри, абдежми, къуацэкIэ щIэуфауэ, зы хьэдэ щылът. Къигъэзэжщ, гур къиплъыхьри, дыщэри къигъуэтащ. «УIэгъэ хъуауэ е нэгъуэщI щхьэусыгъуэкIэ земыкIуэфу зыгуэр щыIэмэ», - жиIэри зыкъомрэ кIиящ, гуоуащ, зыри къыщыIумыхьэжым, зыри щызэхимыхым, хьэдэхэм дыуэ ятрищIэри, щIилъхьащ, тIэкIу зигъэпсэхужщ, шитIыр щIищIэри, къежьэжащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ шыгу зэщIэщIари дыщэ кхъуэщынри хьэжым къыхуэнащ, модрей плIыр а дыщэм текIуэдащ.

## Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ

**Нэхъыжьым и акъыл зыхуэмыкIуэ гуэрым нэхъыщIэм и акъыл щыхуэкIуэм и деж жаIэ, ныбжьыщIэм зэрыщытхъур ямыбзыщIу.**

Дэнэ щIыпIи кърашу сымаджэ хьэлъэу къыхуашэм и псэм тыншыгъуэ иритыжыфу Къэбэрдей хэкум зы Iэзэшхуэ щыпсэурт. ЦIыху сымаджэм и кIуэцIым ныкъусаныгъэ иIэрэ сымаджэ хьэлъэмэ, зэгуигъэжыр-ти, зы лажьэ емыкIыу игъэхъужыфырт. Сымаджэм и Iэ и е лъакъуэ уIэгъэ хьэлъэ хъуарэ, мыхъужыну шэч хуищIамэ, пихыфырт. Ахэр дэнэ къэна, зи щхьэ куцIыр зэIыхьауэ зыми Iэмал зыхуамыгъуэт сымаджэ хьэлъэм и щхьэр зэтрихыфырти, щхьэ куцIым еIэзэрт.

Зэгуэрым, апхуэдизу Iэзэшхуэм и деж, делэ щIэхъуэжауэ, и щхьэ куцIыр хуабжьу къезауэу зы щIалэ цIыкIу «ПхузэфIэкIыххэнуIамэ, Алыхьым щхьэкIэ тхуеIэзэ», жаIэри къыхуашащ. ЩIалэ цIыкIум и щхьэр зэтрихри - щхьэ куцIыр ишхыу хьэпацIэ хужьышхуэ хэсу илъэгъуащ. «ХьэпIацIэр къыхэсчынщ IэдэкIэ», - жиIэу Iэдэр къыщищтэм, и къуэ цIыкIу илъэс зытхух нэхъ мыхъуар къыбгъэдэтти:

- А хьэпIацIэм IэдэкIэ уеIэмэ, зигъэбыдэнщи, щхьэ куцIым щыщ къыздыкIэричынщ, щхьэ куцIым щыщ къыкIэричмэ, щIалэ цIыкIур пхуэмыгъэхъужу лIэнщ. Абы нэхърэ, зы гъущI кIапэ тIэкIу гъэплъ, егъэIуси, хьэпIацIэр гужьеинщи езым мыдэкIэ зыкъыдридзеинщ, итIанэ къыхэпхынщ, - жиIэу и адэм щыжриIэм:

- Нобэ щыщIэдзауэ си пIэм узогъэувэ, - жиIэри, апхуэдизу Iэзэшхуэу щытам и Iэзэныр абдеж щигъэтIылъауэ щытащ.

## МывэкIэ къоуэм щIакхъуэкIэ еуэж

ЛIыжь факъырэ гуэрым лъэIуакIуэу къикIухьурэ, зы къуажэм къыдэкIауэ адрей къуажэм кIуэуэ гъуэгу тетт. Гъуэгу здрикIуэм, гуимэм ису, шу гъусэхэр куэду дэщIыгъуу, пщыр кърикIуэу къыхуэзащ. «Зыгуэр къызатынкъэ» жыхуиIэу, факъырэр гъуэгум текIыу пщыр блигъэкIыным ипIэкIэ, щхьэщэ ищIу гъуэгукум иуващ. Факъырэр зэзыпэсу абы епсэлъэн къахэкIакъым, пщым и гъусэхэм унафэ яхуищIащ мывэкIэ еуэу трахуну. Шухэм ящыщ зым мывэ къызэкъуихри идзащ. Факъырэм мывэр къищтэри, еплъщ-еплъри, и гуфIакIэм дилъхьащ. Езыми иIыгърати, щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэ гупым къахуидзащ. Ар апхуэдэу зэрищIар пщым щилъагъум:

- Мыр сыт хьэлэмэт, сэ гъуэгум трезгъэхуну мывэкIэ езгъэуащ, езым мывэр къищтэри и гуфIакIэм дилъхьащ?!

Ар фIэгъэщIэгъуэн хъущ пщыми:

- Мыдэ фыкъысхуеджэт а факъырэм! - жиIэри унафэ ищIащ. Факъырэр кърад жащ.

- Сэ сыпщщ, мыпхуэдиз шу гъусэм сагъэлъапIэу гъуэгу срокIуэ, уэ уфакъырэщ, гъуэгум дэбдзыхыу сыблэбгъэкIыным ипIэкIэ, укъыспэувауэ гъуэгум утетщ. Уи Iуэхур дауэ уэ зэрыщытыр? ПщIэну ухуеймэ, ар зы къуаншагъэшхуэу пIэщIэкIащ. ЕтIуанэу - гъуэгум утрезгъэхуну мывэкIэ нозгъэуати, къапщтэри уи гуфIакIэм дэплъхьащ. Ар апхуэдэу пщIын хуей щхьэ хъуа, а къэбдзари сыт зищIысыр?!

- Ар апхуэдэу щIэсщIаращ, зиусхьэн. Сэ сыфакъырэщ, солъаIуэ. Мыпхуэдизу къулейм зыгуэр къызимыту блэкIынкъым жысIэри, къебгъэдзар мывэм ещхь пэтми, мыбы мывэ къидзынкъым, мыр «мывэ лъапIэщ» жыхуаIэу хуэкъулейхэм ягъэлъапIэ дыдэм щыщу къыщIэкIынщ жысIэри, аращ си гуфIакIэм щIыдэслъхьар. ЩIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэр ныщIэздзар сэ къысхуэвдза хъугъуэфIыгъуэм сыщыгуфIыкIри, сэри сиIэр арати, нэздзыжащ, - жиIащ.

Пщым «мыр къулейсыз щхьэкIэ, делэкъым, зыкъом зылъэгъуа гуэрщ», - жиIэри, дыщэ ахъшэ Iэбжьыб кърит ри ежьэжащ.

***Мис абы тражыIыкIащ «МывэкIэ къоуэм щIакхъуэкIэ еуэж» жыIэгъуэр.***

# ГурыщIэм и джэрпэджэж макъхэр

**Адыгэ цIыхубэ тхакIуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ и цIэр зэхэзымыха ди лъэпкъэгъухэм яхэту къыщIэкIынкъым. ТхакIуэшхуэм лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэну инщ. Куэд щIакъым тхьэмадэм и тхыгъэхэр зэхуихьэсыжу пщIы бжыгъэу зэхэт зэужьыр къызэрыдигъэкIрэ. КъикIуа гъуэгуанэм уригъэплъэж хуэдэу, тхакIуэм дунейм къытригъэхьа тхылъхэм ущыхэплъэкIэ, цIыхум лъэкIынум гъунэ зэримыIэр къыбгуроIуэ.**

ТхакIуэ гумызагъэм тхэн зэпигъэуакъым, «си пщэрылъ згъэзэщIащ» жиIэу тIысыжакъым. Иджыблагъэ абы и романыщIэ дунейм къытехьащ. «Лагъуэрэ Накъэрэ» - аращ тхыдэ Iуэхугъуэхэри ныбжьыщIэ гурыщIэри гъэщIэгъуэну щызэхэухуэна тхыгъэщIэм зэреджэр. Дуней псом щыцIэрыIуэ бгылъэм и фIэщыгъэр къызытекIампрэ абы ехьэлIа IуэрыIуатэ хъыбархэмрэ тхакIуэм и гупсысэ шыбзэм зэрыщIигъэкIыр, и еплъыкIэ зэрыхилъхьэр занщIэу къыхэгъэщын хуейщ. ФIыуэ зэрылъэгъуаитIым я гъащIэр зы ящIыным хъыджэбзым и адэр щыпэщIэувэм, къуршым дэкIыу зыкъызэрырадзыхыжар, зэпэIэщIэу псэун нэхърэ а гъуэгур нэхъыфIу ныбжьыщIитIым къызэралъытар IуэрыIуатэкIэ дызыщыгъуазэ Iуэхугъуэщ. ТыжепIыхьыжын щымыIэ хуэдэу къыпщыхъу Iуэтэж кIэщIыр тхакIуэм гъэсэпэтхыдэм хуишэри, ар къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр зэпилъытурэ, лъэпкъ гъащIэм хэлъа щыщIэныгъэхэр зэригъэзэхуащ, адэ-анэм быным хуаIа ткIиягъыр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр, зэхущытыкIэхэм хэлъ егъэлеиныгъэхэр зыхуэкIуэр тхакIуэм екIуу ишэщIыфащ, уи пащхьэ къиува Iуэхур уи щхьэм ирыуигъэхьэлIэу зэригъэкIуфащ.

Романым щыщ пычыгъуэхэр «Зэкъуэшныгъ» журналым къытехуат, абы курыхыу къиIэт Iуэхугъуэхэр нахуэ хъуат. Ауэ тхылъыр зыми хуэдэжкъым: узыIэпешэ, зэбгъэтIылъэкIыну къару къуимыту, зы Iуэхум къыкIэлъыкIуэнум ухуэпабгъэу адрейм ухуокIуэ. Ди адэжьхэм жаIэжу мызэмытIэу дызыщIэдэIуа хъыбарыр къызэрызэрыкI щIыкIэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, къуршыщхьэм и фIэщыгъэм теухуауэ Iуэтэж кIэщIым лъабжьэ зэриIэм гу зэрылъумытар губгъэну зыхуумылъагъужынкIэ Iэмал имыIэу щытыкIэ уоувэ.

Дауи, МэшбащIэр гупсысэ зэпыгъэувэнкIэ, лIыхъужьхэм я шыфэлIыфэр Iупщlу зэфIэгъэувэнымкIэ, абыхэм нэIуасэ уахуищIынымкIэ, лъэхъэнэр курыхыу къэгъэлъэгъуэнымкIэ, пшагъуэбэр зытрихьэжа блэкIар гъунэгъу къыпхуищIынымкIэ литературэм и Iэмал куэдыкIейм Iэзэ хуэхъуащ. Адыгэм къызэринэкIа тхыдэ гъуэгуанэмрэ и дуней тетыкIэр зыхуэдамрэ уи фIэщ мыхъункIэ Iэмал имыIэу къызэриIуэтэфыр тхакIуэм зригъэгъуэта IэпэIэсэныгъэщ. Ауэ адыгэ гъэсэныгъэ зиIэ цIыхум нэ лей зытримыгъаплъэ ныбжьыщIэ гурыщIэр тхыдэ къупхъэм иригъэувэу къызэриIуатэр зыми хуэмыдэжу щIэщыгъуэ хъуащ. ЦыкIуэкIым теша цыр къызэрытекIым хуэдэу, романым къыщеIуэтэкIа хъугъэщIагъэхэм узыIэщIаубыдэ. И бзэр къызэрымыкIуэу тыншщ, еджэгъуафIэщ, узыхилъасэ гупсысэм укъыхэмыкIыжыфу узыIэщIелъхьэ. Шэч хэлъкъым романыр лъэпкъ литературэм лъэ быдэкIэ зэрыхэувэнум, езы тхакIуэм и Iэужь уахътыншэхэми ящыщ зэрыхъунум.

«Лагъуэрэ Накъэрэ» романым тхылъеджэм игу хэпщIэн щхьэкIэ, МэшбащIэр и бзэрэ и псалъэрэ щысхьакъым: цIыхухъур зэралъытэр, цIыхубзыр зэрагъэлъапIэр, пщIэнтIэпс къабзэкIэ къалэжьым игъэунэ-игъатхъэу зэрыщыIэр, Iэщ ягъэхъуу, хадэ ящIэу, жыг ягъэкIыу, кIыщым гъущIыр щахутэу зэрыпсэур ухэтым ещхьу къэIуэтащ. Зы унагъуэм и щапхъэкIэ тхакIуэм къигъэлъэгъуэж лъэхъэнэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэр IэпцIупцI къудейуэ щымыту, купщIэ хэлъу егъэпс. ЦIыхур дунейм къыщытехьэ далэм ар зыхуэныкъуэну бзэр Тхьэм къызэрыIурилъхьэр, псалъэр зэхэщIыкIым и лIыкIуэу къызэрыритыр тхыгъэм зыхыуегъащIэ. ТхакIуэм псалъэм хэлъ лъэщагъри, папцIагъри, бзаджагъэри къызэщIегъэуIуэ, уеблэмэ, зыхуэныкъуэм елъытауэ, гупсысэ къэIуэтэгъуэм деж языхэзри къызэщIегъаплъэ. IуэрыIуатэжьхэр мы романым хуэдэу уэру къыщыкIуэ тхыгъэ къэгъуэтыгъуейщ. Абыхэм Iущыгъэу хэлъри, гъэсэпэтхыдэу хэухуэнари романым екIуу хэгъэуващ. Тхыгъэшхуэм узыщрихьэлIэ лIыхъужьхэм яфIища цIэхэри а гурыщэм толажьэ - Нэхълъэщ, Усэрэжь, Лагъуэ, Гуфэс, Зэхуэс, Нысэдахэ, Накъэ, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэми адыгэм и щIыкIэгъэпсыкIэхэр яхыболъагъуэ.

«Унэм зыщцыубли, благъэм яхыхьэ, унагъуэр гъэуви, хэгъуащхьэм къытеувэ», жеIэ лъэпкъ Iущыгъэм. Зыми хуэмыдэжу жыIэгъуэм кIуэцIылъ мыхьэнэр романым икIыхьагъкIэ дызыщIыгъу Бэлагъыхэ Нэхълъэщрэ Нысэдахэрэ я дунейм гурыIуэгъуэ къыпщещI. Хъыбарыр Нэхълъэщ и унапIэмрэ ар зыхэт дуней дахэмкIэ ирегъажьэ. ЗэрыжаIэу, яшхынрэ ящIэнрэ унагъуэр щыщIэркъым: мэши, гъэшхэкIи, Iэщ хъупIи яIэщ, уеблэмэ ахэр зезыхьэ цIыху зыбжани пщIантIэшхуэм дэтщ. Нэхълъэщ шыбгым имыкI, зекIуэ гъуэгум къытемыкI лIыщ. Романым псышхуэу щежэха хъугъэщIагъэхэм я псыпэр къызыщежьар а зекIуэращ. Нэхълъэщ зекIуэ къыщикIыжым зыIуяа шу мэхъаджэм деж абы и щIыб дэс, псэгузэвэгъуэм игъэдия щIалэ цIыкIур къыщещэхуж. Ади ани имыIэу зеиншэу къэхъуа лIым зыхищIащ сабиийм и гуIэгъуэр. Шэч хэмылъу, зекIуэлIым япэ дыдэу и гущIэм къыщыхъеяри аращ щIалэ цIыкIур щилъагъум. Нэхълъэщ щIалэ дыдэу и гум лъагъуныгъэр къыщоуш, арщхьэкIэ фIыуэ илъэгъуа хъыджэбзыр, Акуандэ, и гущ кIапэр пымыщIауэ къыщIэкIащ - нэгъуэщIым дэкIуащ. Апхуэдэу щыхъум, щIагъуэ димыгъэкIыу Нэхълъэщ зи дахагъэрэ къабзагъэкIэ хуэдэ уигъэлъыхъуэну Нысэдахэ къиихьащ. ЦIыхубзым дежкIэ ар лъэбакъуэ псынщIэу щытакъым, ауэ щIыбагъ зимыIэж Нысэдахэ абы нэхъ хэкIыпIэфI иIэжакъым: и анэкъилъху закъуэр - Рэмпэс - хамэщIым ирашат.

Ауэ Нэхълъэщ, игу щIэгъуу щIалэ цIыкIур унэм къыщихьым, бын имыIэ пэтми, къуэкIэ ехъуэпсакъым. Унагъуэм Iэпыдзлъэпыдз щыхъунщ, дэIэпыкъуэгъуи дэсынщ, жиIэу аращ зэрегупсысар. ЩIалэ цIыкIур чыцI ныбжьым ит пэтми, и цIыху щIыкIэкIэ хэпщIыкIыу нэхъыжьт - Iущт, IурыщIэт, гулъытэ жан иIэт, жыпIэнуращи, дадэкъуапэ фIэкIа пщIэнтэкъым Лагъуэ. Нысэдахэ сабиийм щIэх дыдэу и гур кIэрыпщIами, лIым къыхуидакъым - ар къызэримылъхуар, унагъуэм Iуэху къуэдзэ-Iуэху дэдзэу зэрисыр зыщимыгъэгъупщэну хуигъэбыдащ. Нэхълъэщ и цIэм хуэдэр и щхьэу щытми, цIыхухэм зэрахыхьэм, жиIэр къызэращтэм зыкъыфIигъэщIыжат, нартыжьу зыкъыщигъэхъужат. Пхъашэми, зи гур быдэу зэкъуэдзахэм ящыщтэкъым, куэд димыхыу щIэужьыхэжырт. Унагъуэ зэриухуэрэ пIалъэ дэкIами, лъхугъэ зэрыхэмыкIым игъэдзыхэрт. Нысэдахэ щIалэ цIыкIум еубзэу щилъагъукIэ къызэщIэплъэныр къызыхэкIри арат. Ауэ, сыт хуэдизу игу хигъэщIу емыпсалъэми, теужырт, щхьэгъусэм и гур щабэ къызэрищIыжын Iэмалхэр къилъыхъуэрт. ЛIым и гум ихъыкIыр фIыуэ зыхэзыщIэ Нысэдахи тхьэ елъэIу зэпытт, сабий къритыну, къыщIэхъуэнури щIалэу щытыну. Я тхьэлъэIур зэхэзыха КъэгъэщIакIуэми зэлIэзфIызым хъыджэбз дыгъэ къаритащ. Бэлагъыхэ къахэхъуа сабийр зэрымыщIалэр гухэщIыгъуэу къилъытэнуми имыщIэу, адэр хуэмыфI-хуэмыщIыIэу щытт. Заулрэ цIэ иритакъым, щыфIищми, зыхурикъуар «Накъэ» цIэращ («накъэ» жиIэмэ, «теплъэ щIагъуэ зимыIэ» жыхуиIэщ). Анэм ари къыгурыIуащ, ауэ лIым пэщIэувакъым - дыщи, къыпкъуэувэну анэкъилъхуи ущимыIэкIэ, щхьэегъэзыпIэу узыщыгугъым зыдищIыныр нэхъ игъуэу илъагъурт. Абы къищынэмыщIауэ, пщащэ цIыкIур щуIэгъэгъум зэрыдигъуэтам и гур фIы ищIырт, Iэджэ гугъапIэхэри иригъэщIырт.

Накъэ зы махуэм хигъахъуэм къыкIэлъыкIуэ махуэм пищэу къэхъурт. ПсынщIэ дыдэу зиужьащ, зекIуащ, псэлъащ. Унэм щилъагъур Лагъуэти, ар зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Лагъуи, сабийр имылъагъумэ, хуэзэшу, илъагъумэ, зыщимыгъэнщIу, и гур кIэрыпщIащ. ГъащIэр напIэдэхьеигъуэщ, жыхуаIэращи, Лагъуэ и пащIэ-жьакIэр къызэщIоувэ, Накъи и шэфэлыр къыщIохьэ, тIури зэкIуж мэхъу - уехъуэпсэным хуэдэу тIури теплъафIэт. ЯпэхункIэ Накъэ Лагъуэ и дэлъхуу фIэкIа ищIакъым, ауэ пщIантIэдэтхэм къапыIукI псалъэмакъхэмкIэ ахэр зы кIэтIий кIапэу зэрыщымытыр къищIащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу зэгурыIуэу, зым жиIэр зым фIэдахэу, Лагъуэ зыхуэIущыр Накъэ зыхищIэу мэхъу.

Лагъуэ нэхърэ нэхъыщIэу, ауэ хъыджэбзым нэхърэ нэхъыжь зэкъуэшитIыр - Гуфэсрэ Зэхуэсрэ - Накъэ щIалэнэкIэ къеплъу хуожьэ, къыдэгушыIэмэ ямыжагъуэу мэхъу. Нысэдахи елъагъу ипхъу гъэфIэныр накъыгъэ удзу къэтIэпIу зэрыщIидзар, щIалэ гъуэгу дзыгъуэм зэрынэсар. Елъагъу и анэ къилъхуа и шыпхъу тхьэмыщкIэм зыкъомкIэ ещхь зэрыхъуари, гуIэжу тхьэ йолъэIу абы и натIэ къритхам и пхъур пэIэщIэ хуищIыну. Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ, жыхуиIэращ...

Къызэреплъ щIагъуэ щымыIами, ипхъу закъуэм и фэ къызэрихьам, и IукIэ-щIыкIэхэр зэрыдахэм, гунэдж-гугъэгуфIэ нэгуу зэрыщытым адэм гу лъимытэу къанэркъым. Ар пхъум щыгуфIыкIыу, имылъагъумэ, къилъыхъуэу хуожьэ. Ауэ абы IэщIэкIыркъым Лагъуэрэ Накъэрэ зэхуаIэ хущытыкIэр, икIи Нысэдахэ пеубыд айтIур гъунэгъу зэрызэхуэмыхъунум и акъыл хилъхьэну. Апхуэдэуи Нэхълъэщ елъагъу зэгуэр зэпсэлъыхъуу щыта хъыджэбз Акуандэ и дэлъхум и къуитIыр хъыджэбзым къызэрыхуэгумащIэр. АрщхьэкIэ Гуфэс кърикдз хъуэр псалъэхэр абы игу нэсыркъым. Хуэмышэчыжыххэ щыхъум, Лагъуэ гукIэ зэрыпэблагъэр, фIыуэ зэрызэрылъагъур и анэм жреIэ. Тхьэмыщк1эр анэракъэ, и лъхугъэ закъуэр щIэх дыдэ хъыджэбзыпIэ зэриувар, гурыщIэм кърит гъащIэ хъуапсэхэр зэрыгуащIэр зыхимыщIапIэ иIэкъым. Куэд зэрегъэзахуэ Нысэдахэ: Лагъуэ малъхъэ къыхуэхъун-къыхуэмыхъуныр, щхьэгъусэ зимыIэж пхъужь дахэу Акуандэ лIыр пыщIа зэрыхъур, абы и гуакIуагъэм уцIыхубзми узэриубыдыр, УсэрэжькIэ зэджэ я пщIантIэдэтыр Акуандэ и Iуэхуми зэрыхэджэгухьыр, нэгъуэщI куэди... Гупсысэ хьэлъэхэм ягъалIэ цIыхубзым и акъыл къуэпсхэр здэжэ псори тхакIуэм апхуэдизкIэ Iупщlу къеIуатэри, умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым и адыгэбзэр зэрылантIэр. ЩыIэныгъэм щIэщыгъуэ къыхэзылъхьэр цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я зэхущытыкIэхэр ару зэрыщытыр гупсысэ курыххэм ящыщу романым тхакIуэм щыпхришащ. Къиин мыгъуейуэ кърикIуэнур къыгурыIуэми, анэм пхъур и насыпым блэмыплъыкIыну еуэщий, Лагъуэ и Iущыгъи, и цIыху щIыкIи къызэрищтэр гурегъаIуэ.

Тхыгъэр кIуэтэху «къызэщIоплъэ», узэрекIуалIэр зыхыумыщIэу и лъагапIэ дыдэм гъунэгъу ухуещI. Нэхълъэщ IэщIэкIа и фIылъагъуныгъэр жэщтеуэу къытеуэжащи, унагъуэр илъагъу мыхъуж мэхъу, и пхъум и гур зытхьэкъуа Лагъуи дунейм тримылъэгъуэжу щIедзэ. Акуандэми лIыр къызэщIегъэст хъыджэбзыр и дэлъхум и къуитIым я зым кърнтыну. Бэлагъыхэ я унагъуэ исхэм игъащIэми хуабагъэ гуэри я зэхуаку имылъам хуэдэу щIыIагъэ къыдоувэ, дзыхь зэхуамыщIыжу хуожьэ. Зи нэхъуейр кIуэда Нэхълъэщ щIалэщIэр пщIантIэм деху, хъупIэм щреIэ, унагъуэ Iуэхухэм къыхремыIэбэ, жеIэри. АдэкIэ къэхъур нэхъ гъэщIэгъуэныжщ: зыри химыщIыкIым хуэдэу, пхъум деж псэлъыхъу щIалэхэр къыщепсыхыну хуит ещI. Абы кърикIуэнкIэ хъунур фIыуэ къызыгурыIуа Накъэ езымрэ щIалэмрэ фIэкIа зыми ямыщIэ щIыпIэм деж щызэIуощIэ. Абдеж къыщыпэплъэ щIалэм хъыджэбзыр епхъуатэри, щIопхъуэж. Нэхълъэщ абыхэм якIэлъыщIопхъуэ, псэлъыхъу щIалэхэр и ужьым иту. АрщхьэкIэ лъэтауэ кIуэ шур абыхэм фIыуэ ящхьэщокI. Лагъуэрэ Накъэрэ къуршыбг дзакIэм нэс жащ, шыр къэувыIэу щыхупIэм щхьэщыхьэху. Абдежым ныбжьыщIитIыр тэлайкIэ зэIуроплъыхьри, псалъэ зэжрамыIэу я Iэхэр зэроубыдри бгым йолъэ...

Анэм къимыщIэн щыIэкъым. Хигъэзыхьу и гур щыщIэпхъуэм, фIы зэрыщымыIэр зыхищIащ, пщIантIэм къыдыхьэжа лIым Iуплъа нэужь къэхъуар къыгурыIуащ: фIылъагъуныгъэ къабзэм зигухэр зэлъищта ныбжьыщIитIыр я гузэхэщIэ пщтырым екIуэдылIащ.

Сыт хуэдиз гъащIэ, дыгъэр къахукъуэплърэ уащхъуэдэмыщхъуэу къыкъуэкIа пшэм щIиуфэжу, дунейр къызэригъэщIрэ щыIэныгъэм хилъэсэжар? Сыт хуэдиз гурыщIэ, зызэтращIэну хунэмысу къекъутэхыжар? Лагъуэрэ Накъэрэ я щхьэ кърикIуари абы щыщ зы ныбзщ, зы теплъэгъуэщ. Романым и иужьрей напэкIуэцIым тхакIуэм щыжеIэ: Лагъуэрэ Накъэрэ я фIылъагъуныгъэр адыгэщIырщ къыщцыунэхуар, абдежщ щыкIуэдыжари. ТхьэмыщкIагъэр къыщыхъуа щIыпIэм а ныбжьыщIитIым я цIэкIэ нобэр къыздэсым йоджэ. Сыт-тIэ лъагъуныгъэм щхьэкIэ улIэныр зищIысыр? Ар насыпу къэлъытапхъэ? Захуагъэу еплъыпхъэ? Хьэмэрэ пэжу къэщтапхъэ? Хэти и жэуап иIэжщ. Псори зэлъытар дэ къыдэщIэкIа дунейр дигу зэрынэсырщ, дэ къызэрытлъэIэсырщ. УкъызытеувыIэнур умыщIэу зэрыщытырщ а гурыщIэр щIэлъагъуныгъэр - абы уехьэж, укъызэщIегъаплъэ, уес. Ауэ апхуэдэ лъагъукIэри зэзэмызэ дыдэщ къыщыхъури, хъыбар щIытеIукIри, уэрэд щIытраусыхьри аращ.

Зы адыгэ унагъуэм и щхьэ кърикIуа хъыбаркIэ романыр гъэпсащ. ЛIы пхъашэу, хабзэщIэкъуу зыкъыщыхъужми, цIыхугъэр гущIэгъуншагъэкIэ зэрихъуэжар тхакIуэм уи фIэщ ищIу къеIуатэ, цIыхугъэм и мардэр бетэмалу IэщIыб зэрыпщIыфынур нэсу къегъэлъагъуэ. Жагъуэ зэрыхъущи, гууз зыхуимыщIа Iуэхум Нэхълъэщ и унагъуэ дахэр дэкIуэдащ.

МэшбащIэм адэкIэ къигъэлъагъуэкъым Бэлагъыхэ я унагъуэм и щхьэ кърикIуар, IуэрыIуатэм ухегъэджэразэ. Нысэдахэ и хъыбарыр цIыхухэм зэIэпах хъуащи, зэ жаIам щэ щIагъуурэ жьыбгъэм илъэсыжащ. Хэти Нысэдахэ и пхъум и кIуэдыкIар щхьэжэ щыхъури, и щхьэр текIауэ еIуатэ, хэти «Накъэ» жиIэу джэуэ къуршхэм ихьэжауэ иту егъэхъыбар, хэти а жэщ дыдэм хьэзаб къыхуэзыхьа лIыр къамэкIэ зэхиупщIатэри, езыр АнадолэкIэ екIуэкIыжауэ тхьэ щеIуэ...

ЩIэупщIэн къыхэкIынщ Усэрэжь, Акуандэ, Гуфэс, Зэхуэс я Iуэхур дауэ хъуа, жаIэу. Накъэ щамыгъуэтыжым, Гуфэс Бэлагъыхэ я мылъкур зрипхъуэну мурад бзаджэхэр зэIуещэ, абыкIи и къуэш Зэхуэс акъылэгъу къещI. Зэгуэрым зэшитIыр къуршыбг дзакIэм Iуту къыздэкIуэжым, Лагъуэрэ Накъэрэ ягу къокIыж, кIуэдыкIей зэрыхъуами иропсалъэ. Абдежым Бэлагъыхэ я щIэиныр зэрапхъуэну щызэгурыIуэкIэ, къыздэкIуэм мылъкум зи акъылыр игъэутхъуа Зэхуэс Гуфэс йоIунщIри, бгым щедз, езым ищIа мурад фIыцIэр зрегъэхъулIэ. Нэхълъэщ хэкур зригъэбгына Усэрэжь, Бэлагъыхэ унагъуэкъутэ зэрыхъуар къыщищIэм, щIыпIэм къигъэзэжащ, ипхъу закъуэри Зэхуэс щхьэгъусэу иритащ. Фоубзэ защIэкIэ Нэхълъэщ зэблэзыша Акуандэ зэхэзыхым игъэщIагъуэу Усэрэжь докIуэж...

Зыр лIэкIэ, зым зилIэжыркъым, жаIэ. Бгым епкIэу зи гъащIэ кIэщIыр зыуха ныбжьыщIитIращ тхьэмыщкIэр, мыдрейхэм псэун къагъанэркъым, щхьэж и бзаджагъэрэ цIыхугъэрэ елъытауэ ар егъащIэ. Зыр мы щIым щIохьэж, зыр щIэуэ дунейм къытохьэ, ауэ къыпэщылъыр ищIэу зы цIыху закъуи къэхъуркъым. Арагъэнущ уэ пхуэдэ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр зыхэпщIэу, и гукъеуэхэмрэ гуфIэгъуэмрэ дэбгуэшу, уи щхьэ еплъыту упсэумэ, къэхъункIэ хъунум и ныкъуэр къехъулIащ, щIыжаIэр. Бэлагъыхэ я мызакъуэу, ар куэдым ящыгъупщэ пэжщ.

Дунейм къытехьа тхыгъэщIэр тхакIуэм къызэрехъулIам шэч хэлъкъым. Абы лъэныкъуэ куэдкIэ гъащIэм ухегъаплъэ, и гъэшыпIэхэм цIыхум къыщыпэплъэнкIэ хъуну къэхъукъащIэхэр зэрыуегъэгъэзахуэ. Жыжьэу, дызэщIэдэIукIрэ щызэхэтхам деж къыщынэжу куэдрэ зи цIэ зэхэтх Лагъуэрэ Накъэрэ я гъащIэр къуэнэфым къыдэнами, МэшбащIэм ныбжьыщIитIым я цIэр ди гъащIэм къыхихьэжащ, узыгъэгупсысэн, ущызымыгъэуэн икIи узымыгъэбэлэрыгъын гъэсэпэтхыдэу тхузэIуищэри. Романым и щIэбзэр тхыдэрами, тебзэ хуищIар лъагъуныгъэраще, а зэхэухуэнэкIэм ар къызэрымыкIуэу хьэлэмэт ещI, ди блэкIам еплъыкIэ зэмыщхьэри хууигъэщIу. Шэч къытетхьэркъым, абы щIэджыкIакIуэ куэд зэриIэнум. ТхакIуэм и зэфIэкIыр ублэрэкIыркъым, адэкIи матхэри, жьантIапщэм Iэджэ хъугъуэфIыгъуи иджыри къыдэкIыну дыщогугъ.




**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

## Адыгэпсэр зыхэзыщIа тхакIуэ



*19-нэ лIэщIыгъуэм екIуэкIа цIыхубэ зэщIэхъееныгъэм жыджэру хэта тхакIуэщ Сватоплук Чех (1846 - 1908 гъ. гъ.). Абы и къалэмыр жану хуигъэлэжьащ зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэн лъэпкъхэм я къарур зэщIэгъэуIуэным, цIыхур гъэлъэпIэным, абы и хуитыныгъэр хъумэным.*

*Чех - литературэм и классикым - дэ, адыгэхэм, пщIэ ин щIыхуэтщIын щхьэусыгъуэ щыIэщ. Ар ящыщщ кавказ лъэпкъхэм, псом япэу адыгэхэм, лей къазэрытехьэр ямыдэу къэувауэ щытахэм. Абы жиIэрт империалистхэм я мурад щэхухэр зэфIэкIыху, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зи зэхэщэщэжыгъуэр къэблэгъа Уэсмэн къэралыгъуэжьым и щIыналъэр зэхуагуэшыжыху, Урысейм и зауэ уэрдыхъум кавказ бгырысхэр пэщIадзэурэ зэрекIуэкIынур.*

*1874 гъэм, и ныбжьыр илъэс 28-м иту, Сватоплук Кавказым къакIуэри зэригъэлъэгъуащ Урыс-Кавказ зауэм и Iэужьыр зыхуэдэр. Теплъэгъуэ шынагъуэт хы ФIыцIэ Iуфэр зи хэщIапIэу щыта адыгэхэм я щIыналъэм щIалэм и нэгу щыщIэкIар. Ар тхакIуэм фIы дыдэу къыщигъэлъэгъуэжащ игъэзэжа нэужь итха «Адыгэ» рассказым.*

*Гуауэр зи нэкIэ зылъэгъуам итхыжар зэрытщIапхъэм тепщIыхьу, тододзэ мы Iуэтэж кIэщIыр. Ар зэзыдзэкIар филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ТIымыжь Хьэмыщэщ.*

# Адыгэ

ХЫ ШЭЖЫПСЫФЭМ щабэу ирижэ толъкъунхэр хиупцIэу кIуэцIрокI тырку кхъухь цIыкIужьейр. Жьыбгъэ IэубыдыпIэншэм кIэщI-кIэщIурэ игъэбырыб чэтэн зэхэдыжыхьар зыщхьэщыт кхъухь зэщIэскъыскъэр IэпапIэ закъуэу къыхолыдыкI уафэ къащхъуэ-фIыцIафэмрэ тенджыз гъуабжэ-щхъуантIафэмрэ щызэIусэ нэз уэрдыхъум.

Дыгъэм къигъэва я щхьэхэр адэ-мыдэкIэ езыдзэкI кхъухьзехуэхэр ней-нейуэ хуоплъэкI зи кIапэхэр Iэта чэтэн шэтэрым зыщызыгъафIэ я унафэщIым. Алэрыбгъу теукъуеикIыжа цIыкIум зи лъакъуэхэр зэблэдзауэ тес тырку пэщэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ йокъу и жьэм хуихь бжьамий псыгъуэм, дыщэ вагъуэхэр зыхэгъэтIысхьа абдж наргъылэм (кальян) ит псыр къигъэкъуалъэу. Пэщэр здэщысым адкIэIуэкIэ жьауэм щIэлъщ шухьэ пIащIэ шхыIэн папщIэу зытепIа цIыхухъу гуэри. Шухьэм къыщIощ щадыхьа фIэкIа умыщIэну лъахъстэн вакъэ фIыцIэхэр къызэкъузэкIа и лъакъуэхэр, и натIэ лъагэмрэ и пэ псыгъуэ кIыхьымрэ нэхъри гъур щIэхъукI и нэкIу зэхэуар. Iупэ пIащIэхэр къыхэщ къудейщ и пащIэ тхъуам.

Абы и нэхэр мащIэу зэтехами, жей куум хэт хуэдэщ. Гугъуехьымрэ нэщIэбжьэ хьэлъэхэмрэ пасэу зэрагъэлымпIыжа напэм и дэтхэнэ лэдэхри гуауэ кIыхьхэм я нэпкъыжьэ жагъуэу абы къытощ. Тенджызым къызэрытехьэрэ лIыжьым зигъэхъеяуэ гу лъатакъым кхъухьзехуэхэм - кхъухь зэщIэскъыскъэм игъэш тхьэусыхэри, езыхэм я зэрызехьэ макъри къызэрыфIэIуэху щыIэкъым абы. «Тенджызыр езэгъыу къыщIэкIынкъым, - зэхъуцацэрт ахэр. - ЕшагъэнкIи мэхъу, уафэмрэ хымрэ я сурэт зызымыхъуэжыр имыужэгъуа уи гугъэ?»

Абы хэту, тутын ефэныр зэпигъэури, кхъухьыр зейм шухьэр зытепIам дежкIэ зриIуэнтIэкIащ, и Iэпэр кхъухьыр здэкIуэмкIэ ишийуэрэ:

- Плъэт, Аслъэн-бей!

ЛIыжьым хуэмурэ и нэхэр къызэтрихащ. Абы и нэ фIыцIэ пIащитIым занщIэу зрагъэхъуэжащ и нэкIум. Хъуэпсэгъуэ нур гуэрым къыдэхъуэпскIа а плъэкIэм напэ зэлъэжам телъ гуIэ дыркъуэхэр тралъэщIыкIыжри псэ къыхагъэхьэжат. Зы тэлайкIэ ар гупсэхуу плъащ тырку пэщэм и Iэр здишия лъэныкъуэмкIэ. Аслъэн-бей и нэкIу зэхэуар зэлъыIукIыурэ плъагъуу нэху хъурт. Асыхьэтым и Iэпкълъэпкъым малъхъэдису иригжа гуэрым Аслъэн-бей къызэщIиIэтащ, и тепIэн тIэкIур зытридзри тIэу пкIэгъуэкIэ ар кхъухьыпэм къыщыхутащ. Апхуэдэ лантIагъэрэ къарурэ лIыжьым къызэрыкъуэкIар яфIэтелъыджэу иджы абы кIэлъыплъырт кхъухьзехуэхэр. И щIыб къэгъэзауэ кхъухьыпэм тетым и ныбжьым хуумыгъэфэщэну иIэ Iэпкълъэпкъ зэкIужым, ятIэхум къыхэгъэжыкIа хуэдэ къабзэу упса и щхьэм, иджыри зэрыкъарууфIэр къыбжиIэу шэщIа и пщэм еплъурэ тырку пэщэми игъэщIагъуэрт гъащIэ хьэлъэм къызэфIимыгъэщIа а «уэздыгъей уардэр».

И лъэнкIапIэм къытехьэу Аслъэн-бей къепхъухат тырку кIагуэ къуэлэн кIыхьыр. Иджы ар зэтекIуэтати, дыгъэ бзийхэр зытеджэгукI и цей хьэзырыбгъэр къыщIэщырт. Арат къозыгъащIэр Аслъэн-бей и гъусэхэм зэрамылъэпкъэгъур. IэщэкIэ апхуэдэу зи бгъэгур зыгъэщIэращIэ хабзэр кавказ цIыху уардэхэрщ.

Фэеплъ сыну кхъухьыпэм трагъэжыхьами ярейт Аслъэн-бей - мыхъейуэ абы тетт, илъагъум и нэр тенауэ.

Сыту пIэрэт апхуэдизу зытхьэкъуауэ лIыжьыр зэплъынкIэ хъунур? Хы нэз фIыцIэмрэ уафэ къащхъуэмрэ я зэхуаку къыдэува дыжьыныфэ ныбжьхэра? Абы и плъэкIэмкIэ хуэбгъэфащэ хъунут хы нэпкъ задэм е щхьэхынэу уафэ гъунэхэм щызеджадэ пшэ къетхъухахэм яIуплъэу. Ауэ гупсысэ пIейтеям Аслъэн-бей и нэгу къыщIигъэхьэр нэгъуэщIт: бгъэ плъэкIэу абы и нэ пIащитIым къыхаубыдыкIат, кIуэтэху нэхъ псынщIэу къеуэ и гум зыхищIат илъэс куэдкIэ зыщIэбэга къурш лъагэхэмрэ мэз гъунапкъэншэхэмрэ я теплъэр.

- Аслъэн-бей! - къеджащ абы зыгуэр. Жей куум къыхэзышыжа макъыр щызэхихым, - зыкъригъэзэкIащ лIыжьым. Чэтэн пщыIэм щIэс тырку пэщэм и щхьэр ищIащ, Аслъэн-бей бгъэдыхьэну ириджэу. ФIэмыфIыщэурэ лIыжьыр пэщэм дежкIэ кIуэтащ икIи алэрыбгъум и кIапэм тетIысхьащ. Зы тэлайкIэ ахэр щыму щысащ, итIанэ тыркум кърегъэжьащ:

- Аслъэн-бей, хуабжьу узэрыщIэлъэIуарщ укъыщIыздэсщтар. Ауэ... ахъшэ уимыIэми, Iуэхукъым, абы щхьэкIэ умыукIытэ, пщIэншэу уздэсшэжынщ.

- Тхьэр арэзы къыпхухъу, Мыхьмуд-бей, сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым уи жумартагъым, - жиIащ хуэму, ауэ хэкъузауэ лIыжьым.

Езыр зэрыхуейм хуэдэу псалъэмакъыр унэтIа щымыхъум, пэщэр увыIэжащ, лIыжьми къыфIигъэкIаIакъым. Нэмэз щыгъэм пыбла мывэ цIыкIухэр зэригъэунтIэIуурэ пэщэр нэбгъузкIэ Аслъэн-бей къыхуеплъэкIырт, ар зэгупсысыр и нэкIум къриджыкI хуэдэ. ИтIанэ къызыфIимыгъэIуэхуурэ къыжьэхидзащ:

- Дэри къурш диIэщ.

- Дауи.

Аслъэн-бей и Iупэхэр зэтежащ, пэщэм и псалъэм пидзыжам ауану хэлъыр зэрынэхъыбэр къыгуригъаIуэу. Мыхьмуд-бей ар зэхимыха зищIащ.

- Фэ езыхэм нэхъ къафщтэу ди деж фыкъэIэпхъуащ. Дэ фэ ди гъавэ щIапIэхэмкIэ, ди хъупIэхэмкIэ дывдэгуэшащ, ди къуэшу, ди динэгъуу фыкъедгъэблэгъащ.

- Алыхьым псапэрэ гуапэу къывитыжынщ къытхуэфщIа псори. Алыхьым и закъуэщ зыщIэр, зыщIэн хуейри мобы хуэкIуэ гъуэгум сэ сыкъытезышар, - жиIащ Аслъэн-бей, къурш щхьэ хужьхэмкIэ и Iэр ищIурэ.

Тырку пэщэм абы къыфIигъэкIакъым.

Аслъэн-бей и нитIыр аргуэру тедиящ уафэ къащхъуэ лъащIэм иджы IупщI дыдэу къыщIэува къуршхэм. Уеблэмэ абыхэм къахэщырт хы Iуфэм къеуалIэ ауз куухэр, ахэр щIэзыгъанэ мэз Iувымрэ мэкъупIэхэмрэ.

Аслъэн-бей къыфIэщIырт мывэ идзмэ, псы Iуфэм хунэгъэсыну, гъэми щIыми шылэхъар удзыфэхэр къызэубгъуэха кипарисхэмрэ къуэрэдэрэ щхьэ баринэхэмрэ а щхъуантIагъэ тенджызым къыхилъагъукIыу. Ауэ кхъухьыр иджыри зыкъомрэ есащ, хым занщIэу къыщхьэщыувэ нэпкъ задэм нэсын щхьэкIэ.

Ауэ жыжьэу укъыщыплъэмэ, гу зылъумытэу щыта пэум и къуагъыр псыдыхьэ бгъуфIэу къыщIэкIат. Кхъухьыр абы щынэсам дыгъэр къухьэжырт, и дыщэ бзийхэмкIэ хы щIыIур зэпилъэщIыхьыжурэ. Псыдыхьэм и ижьырабгъумкIэ екIуэкI нэпкъ кIыхьыр щхъуантIагъэм щIигъанэрт. МащIэу зиIэтурэ ар хыхьэжырт сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ зыщызыукъуэдий къуршхэм. А лъэныкъуэмкIэ псы Iуфэ дыдэм къыIут члисэм и щыгу удзыфэмрэ кхъуэщын унащхьэ плъыжьхэмрэ махэ хъуа дыгъэ бзийхэр теджэгукIырт.

- Новороссийск! - хэщэтыкIащ Мыхьмуд-бей.

ЛIыжьым и нэхэр къэхъуэпскIащ, и Iупэхэр нэхъри зэтрикъузащ, и Iэр езыгъэблагъэ къалэ цIыкIумкIэ ишийуэрэ. Кхъухьыр мыпIащIэу хуэкIуэрт абы.

Дыгъэ къухьэжым шакъафэу ириIат ижьырабгъумкIэ псыдыхьэм къыщхьэщыт бгыхэр. Ауэ ари хуэм-хуэмурэ ужьыхыжри, зэхэуэу хуежьа пшапэм гъуабжафэу къахэувэжащ. Гъэмахуэ жэщ хуабэр псыдыхьэм къыщхьэщыхьэрт, дыщэ вагъуэ мелардхэр алэрыбгъу фIыцIэ щIыIум къыхигъэтIысхьэу.

Мэзыр псы Iуфэ дыдэм къыщеуалIэ щIыпIэм гъунэгъу щыхуэхъум, кхъухьыр къэувыIащ. Кхъуафэжьейр ирагъэжэхри абы итIысхьащ Аслъэн-бейрэ хьэнцэхэр зыIыгъ зы щIалэрэ.

Кхъуафэжьейр псы Iуфэм зэресылIэу, абы къипкIри абдеж дыдэм къыщыт жыгеижьым зришэкIащ лIыжьым. Зыкъомрэ щытащ ар, жыгым и нэкIур ирикъузылIарэ пIалъэ кIыхькIэ зыщIэбэга мэ гуакIуэр кууэ зыжьэдишэу...

Апхуэдэ щIыкIэкIэ къигъэзэжащ шэрджэс лIыжьым - адыгэ лIыжьым - и лъахэм, и адэжьхэм я кхъэр здэщыIэм, и щIалэгъуэм епха гукъэкIыж IэфIхэмкIэ гъэнщIам. Мы бгыхэр зэгуэр джэрпэджэжу къыпэджэжу щытащ Аслъэн-бей и фоч уэ макъым, бий ерум ебгъэрыкIуэ и ныбжьэгъухэм я уэредадэм - абыхэм яхъумэрт я щхьэхуитыныгъэр, зи цIэр тхыдэм хыхьа мы къурш щIыналъэр.

Хамэр къакIуэри ахэр я лъахэм ирахуащ. ЗдэIэпхъуа щIыналъэм исхэр я динэгъухэрами, лIыжьым зы дакъикъи игу ихуакъым фIэкIуэда хэкур.

... Аслъэн-бей зыкъищIэжри къызэплъэкIащ, итIанэ и гуфIакIэм къыдихри зы зэкIуэцIылъ гуэр кхъуафэжьейм иридзащ. Тырку щIалэм фэ хъуржын хьэлъэ цIыкIур къищтэрэ еплъмэ... изыбзэу дыщэ ахъшэ илът.

* * *

Ерагъыущ къызэрыхуэгъуэтыжар лIыжьым зэгуэр зыщыпсэуа къуажэм ухуэзышэж гъуэгур. Ар зэщIэкIэжат. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщыгуэуа бгым ар зэхуищIат, куэд щIауэ зэрабгынэжар къыуагъащIэу удз лъэрыжэхэри мывэхэм я щыгум илъэдэжат. Иджы лIыжьым лъагъуэр пхиупщIыкIырт и къамэ жанымкIэ. Удз лъэнтхъуийхэм ар ялъахъэрт, хьэцыбанэ «дзакъэрейхэм» и щыгъыныр яфыщIырт, ауэ а псор абы къызэрыфIэIуэху щыIэтэкъым.

КIэщI-кIэщIурэ ар уафэмкIэ дэплъейрт: къыщхьэщыт жыг щхьэкIэхэм пхрыплъурэ къырыщхьэ щIыхуфэр къилъыхъуэрт. А зэ Iуплъэгъуэм кърит гурыщIэ IэфIым абы къаруущIэ къыхилъхьэжырти, аргуэру къэкIыгъэ блыныр пхиупщIыкIыу, ежьэжырт.

ИкIэм-икIэжым, ар нэсащ а щыгум. Ауэ адэкIэ абы къыпэплъэ гъуэгуанэр нэхъ хьэлъэжт. Иджы лъагъуэр щыхупIэм екIуэкIырт. Жэщ псом етIысэхакъым Аслъэн-бей: ар къагъэувыIакъым лъагъуэ зэщIэкIэжами, щIы зэгуэзахэми, мылыпс уэрхэми, ихъуреягъым къыщыкъугъ хьэIуцыдз мэжэщIалIэхэми. Нэхущым ирихьэлIэу ар нэсащ щалъхуа къуажэм къыщхьэщыт Iуащхьэжьым и щыгум. Гъуэгуанэ хьэлъэм зи къарур щIиха Аслъэн-бей абдеж щехуэхри Iурихащ.

ЛIыжьыр къыщыушыжам дыгъэр фIыуэ къыдэкIуэтеят. Ар ерагъкIэ къызэфIэтIысхьащ. БдзапцIэм хагъэжыхьам хуэдэу зэщIэIулIат и Iэпкълъэпкъыр. А здэщысым хуэмурэ щIыпIэр зэпиплъыхьу щIидзащ. Дэплъеймэ, мэз Iувым щIигъанэ Iуащхьэхэм зым адрейр къыщхьэщытыжу заIэтырт. Ахэр иухыжырт уафэ нэзыр щIэзылъэщIыкI мывэ къыр абрагъуэхэм ящхьэщытIысхьэжа таж хужьыбзэхэмкIэ.

Еплъыхмэ, нэм къиплъыхьыр мэзщ, къуршыпс уэрхэм даха къуэкIий куущ, я лъащIэхэр мывэ абрагъуэхэмрэ пхъэ ентIырыжьхэмкIэ сеяуэ. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ псы Iуфэхэм къаIуохутэ алэрыбгъу удзыфэ шэщIахэр - я гъавэ щIапIэу щытахэр. ЛIыжьым гупсэхуу псори зэпиплъыхьырт.

Зэгуэр мы Iуащхьэхэр, мы аузхэр и хэщIапIэу щытащ Аслъэн-бей и лъэпкъ уардэм. Мыбы щаухуэрт цIыхухэм я мывэ абгъуэхэр, мыбы фоч уэ макъыр щхьэщытт, шууей хъыжьэхэм я шы лъэгум щIыгур къыщыдэпсалъэрт, хъушэ бжыгъэншэхэр щыбагъуэрт, гъавэм игъэхыщIэ выгухэр щызекIуэрт, щхьэхуитыныгъэм и уэрэдхэр щыжаIэрт; гуэгуэнхэр я дамэм тету пщащэ тхьэIухудхэр и псыхъуэм къыдыхьэхэрт.

Иджы-щэ? Нэм къиплъыхьыр мэзщ. Мы пхъэмбей фэ къызытеуа мы щIылъэ абрагъуэм псэ зыIут ущрихьэлIэркъым. ЗыщIыпIи щыплъагъуркъым мэз нэзыншэм къыхэкI Iугъуэ щхъуэш тIэкIуи. ЦIыху псалъэмакъи, хьэ банэ макъи... уи тхьэкIумэм къиIуэркъым мэзауэхэм ягъабзэ уэщхэм я Iэуэлъауи. Зихуэдэ щымыIэ дахагъэм и кхъэхалъэ... и даущыншагъым шынагъуэу уи гущIэм зыкъыдигъазэу.

Гукъыдэжыншэу, и щхьэр хьэлъэу ириIуэнтIэкIыурэ зэпеплъыхь адыгэ лIыжьым и лъахэр. Чыцэхэм ячэтхъа тырку кIагуэ дытар куэд щIащ абы зэрызыщидзыжрэ. Иджы щытщ ар, шэхэр зи бгъэгум къеблэкIа цей морэр щыгъыу: хуэфIыпсщ зи лъапщэ кIыхьхэр цей къуащIэм щIихъумэ лъахъстэн вакъэ хужьыпсри; и пыIэм щэкI удзыфэ пычахуэр къешэкIащ; и бгыр щIэкъузащ адыгэ къамэрэ сэшхуэрэ зыкIэрыщIа дыжьын бгырыпхкIэ; и плIэм идзащ фэ зэгъэдзэкIам къыхэщIыкIа хъуржын кIыхьыр, къэуалыр зэрылъщ; и дамэ ижьым фIэлъщ щIакIуэ фIыцIэр.

Зыкъомрэ апхуэдэу хэгупсысыхьауэ щытри, и гъуэгу хигъэщIу, ежьэжащ лIыжьыр. Иджы жыжьэжкъым ари, моуэ уIэбэмэ, зи щхьэщыгум уиIэбэну къыпщыхъуIуащхьэжьым къыкIэрысщ и къуажэр.

Ауэ мыгурыIуэгъуэр абы ухуэзышэ лъагъуэр зэрыщымыIэжырщ. ЩIыпIэр щIагъанэ жыгей, кIей, тхуей, дей, блашэ жыг абрагъуэхэм, дыгъапIэ джабэ нэкIухэр яуфэбгъуащ мэракIуапцIэхэр Iуву къызэшэкIа пыжьей, хьэцыбаней гуэрэнхэм. Къат-къату, зыр адрейм къыщхьэщыту, къэкIыгъэхэм я дуней телъыджэм нэр здынэплъысым зыщаукъуэдий. Удз дэжейхэмрэ жыг, чыцэ къудамэхэмрэ апхуэдизкIэ быдэу зэрыубыдащи, уапхрыкIыфыркъым; уешауэ удэплъеямэ, хъумбылей тхьэмпабгъуэхэмрэ мэз жызумхэмрэ я тыгъэ телъыджэхэмкIэ жумарту зыкъыпхуаший. Уеплъыхмэ, тхьэгъуш плъыжьыбзэхэр зыпыбла шэщIыдэр удз Iувымрэ мэзбзий Iэбапхъэмрэ къахолыдыкI.

Аслъэн-бей къэкIыгъэ тенджызым хэплъэурэ мащIэу хэщэIукIащ икIи и къамэр кърихри, адэкIэ лъагъуэ пхищIыкIыу ежьэжащ.

ЛIыжьым и къарур зэрыкIуэщIыр щIэх зыхищIащ, ауэ къэувыIэркъым. ИкIэм-икIэжым, ар нэсащ къуацэ-чыцэу зэщIэкIэжа и пщIантIэм, унэм. Ар щIамий лъэрыжэхэм зэщIащтэжат, блын зэгуэзахэм адэ-мыдэкIэ удз ежьужьхэр къыдэплъырт. Мывэ дэкIуеипIэри лъэныкъуэкIэ ещIат; ихъуреягъым псэ зыпыт щыдымыртэкъым, зыпэмыплъа хьэщIэр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ дэкIуеипIэ къуагъым къыкъуэплъ шындырхъуо удзыфэ цIыкIум къищынэмыщIа.

ЛIыжьыр дэкIуеипIэм тетIысхьэри къемыдэIуэжу сыс и IэхэмкIэ и щхьэр фIиубыдыкIыжащ.

ГущIэм зыкъыдэзыгъазэ абы и щэIу макъыр зэхэзыха щыIэкъым.

* * *

ЩIыпIэ пхыдза гуэрым щыIауэ Новороссийск къэкIуэжа алыдж лIыжьым къалэ псор къызэщIиIэтащ, бгыхэм адыгэхэм къыщакIухьу жиIэри. Тхьэ щиIуэжырт езым и нитIкIэ абыхэм ящыщ зы илъэгъуауэ.

Алыджым игъэхъыбарыжт: Iуащхьэжь гуэрым къыщыщхьэдэхыжым псыхуэлIэ Iей къыхуэкIуат. Арати, адыгэхэм псынэ куэд яIауэ къызэрыжраIар игу къэкIыжри абыхэм ящыщ къилъыхъуэу хуежьащ. Псынэм пэмыжыжьэу лъагъуэ пхрышагъащIэм Iууащ. Абы теувэри унэ ныкъуэдыкъуэ гуэрым иришэлIащ. ДэкIуеипIэм кIэрыгъэщIауэ щылът лIыжь гуэр, и пащIэжьакIэр хужьыпсу тхъуауэ. Ар зэрыадыгэр и нэкIумкIэ, и щыгъынымкIэ къапщIэрт. Адыгэ лIыжьым и псэр хэкIат, и Iэм къамэр IэщIэлъу. Абы зэрыIуплъэу къигъэкIэрахъуэри, къокIуэ-къолъей...

Алыдж лIыжьым къиIуэтэжхэм едэIуа къэзакъым псалъэмакъым къыпищащ:

- Хэт ищIэрэ, а лIыжьым и закъуэу къыщIэкIынщ а щIыпIэм адыгэу узыщрихьэлIэнури. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ абыхэм я лIыжьхэр Тыркум къикIыжурэ къокIуэж.

- Сыт щхьэкIэ? - щIэупщIащ нэгъуэщI зыгуэри.

- Зи щхьэкIэр сщIэрэ сэ?! Емынэми тэломи ищIэнкъым ар зи щхьэкIэр!.. ЖаIэ, ахэр щрагъэкIым щыгъуэ, хъугъуэфIыгъуэ куэд адэ-мыдэкIэ щыщIатIауэ, щIэх къагъэзэжыну гугъэхэу. Иджы абыхэм къакIэлъыкIуэу къыщIэкIынщ. Сэ сызэрегупсысымкIэ, арагъэнущ щхьэусыгъуэри...

Ауэ урысыдзэм и унафэщIхэр нэгъуэщIут а Iуэхум зэреплъыр, икIи абыхэм IэщэкIэ зэщIэузэда зауэлI гупышхуэ бгыщхьэм ягъэкIуащ.

Алыдж къэрабгъэм илъэгъуа дыдэрщ къэзакъ зауэлIхэри зыIууар: адыгэ лIыжьыр и унэ дэкIуеипIэм телът, алыджым къызэриIуэтэжа дыдэм хуэдэу, цы кIыхь зытет и щIакIуэр къешэкIарэ и къамэр и Iэм IэщIэлъу. Абы и пыIэр лъэныкъуабэ хъуауэ и щхьэ упсагъащIэр къыщIэщырт.

Къэзакъ гуэр лъэныкъуэкIэ еIунщIащ хьэдэм. «ШейтIан бацэр» (апхуэдэущ къэзакъхэр бгырыс зыкъэзыIэтахэм зэреджэр) хьеякъым.

... Адыгэр и лъапсэжьым къэкIуэжат, и псэр абдеж щыщинэну.




# Мо цIыкIур нэхъыжьщ

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ махуэт. Паркым зыкъомрэ къыщыскIухьа нэужь, жыгышхуэ гуэрым, и жьауэм хэт тетIысхьэпIэм зытезгъэзэгъащ, иджыри тIэкIу хьэуа къабзэкIэ сыбэуэнщ жысIэри.

Куэд дэмыкIыу зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхубз къызбгъурытIысхьащ. «Сыту хуабащэ нобэ!» - жиIащ абы псэлъэгъу зэрылъыхъуэр нэрылъагъуу. Сэри си джанэ пщампIэр судыныщIащ, цIыхубзым жиIам щыхьэт сытехъуэу. Сыпсэлъэну гукъыдэжышхуэ сызэримыIэр къыгурыIуэри, цIыхубзыр и блэгущIэм къыщIиха тхылъым еджэу тIысыжащ, лъахъшэу егъэкIуэтэха нэгъуджэм зэзэмызэ къыщIэплъу.



Абы хэту зэрызэтIолъхуэныкъуэр нэрылъагъуу хъыджэбз цIыкIуитI удзыпцIэм джэгуу къыхэтIысхьащ, абыхэм я анэу къыщIэкIыну цIыхубз щIалэри дэ къыдбгъурытIысхьащ. «Мы цIыкIухэр ууей?» - щIэупщIащ зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхубзыр, зэдэджэгу сабийхэм заулкIэ якIэлъыплъа нэужь. «Сысейщ!» - жэуап къитащ цIыхубз щIалэм, и макъым гушхуэныгъэ хэлъу. «Мо цIыкIур нэхъыжьщ, аращ иужькIэ дунейм къытехьар. ИужькIэ дунейм къытехьаращ зэтIолъхуэныкъуэхэм я нэхъыжьу къалъытэр», - пищащ цIыхубз хэкIуэтам, сабиитIым язым и Iэпэр хуишийри.

- Ар дауэ къэпщIа? - игъэщIэгъуащ сабийхэм я анэм.

- И шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIум зэрыхуэсакъыр плъагъуркъэ...

Зэхэсхар гъэщIэгъуэныщэ сщыхъуауэ сытэджыжащ. СыIукIуэта нэужь, иджыри зэ хъыджэбз цIыкIуитIым сахуеплъэкIыжащ, мы дунейм и щэхухэм бжыгъэ зэрамыIэм сегупсысу.

**АЦКЪАН Руслан.**

# ГушыIэми ауанми пэж гуэр хэлъщ

**♦Пэжыр псоми фIыуэ ялъагъу, ар я щхьэм хуэмыгъэза къудеймэ.**

**♦Делэр къыпщытхъумэ, мыделэж хуэдэу къыпщохъу.**

**♦Гуащэм и нысэр игъэгушхуэн фIэщIу: «Ди нысэ цIыкIум и псэкIэ тхьэ соIуэ», - жиIэрти, нысащIэр мыгувэу: «Си псэкIэ тхьэ соIуэ», - жиIэу утыку ихьащ.**

**♦Зи щхьэ щытхъурейр ныкъуэделэщи, зи фыз щытхъурейр делэ дыдэщ.**

**♦Телевизорым футбол къигъэлъагъуэрт. Урысейм и командэр Германием дэджэгурт. Ар езыгъэкIуэкIым кIэщI-кIэщIурэ ди щIалэхэу Смертин, Бесчастных, Безродный я цIэхэр къриIуэрти, футболым зыри хэзымыщIыкI унэгуащэм абы дихьэхауэ еплъ и щхьэгъусэм зыхуигъазэри: «Алыхь, Дотэ, алейкIи умыгузавэ, апхуэдэ унэцIэ зезыхьэхэм текIуэныгъэ къахьыну уащыгугъыныр щхьэгъэпцIэжмэ», - жиIащ. ИкIи, зэрытфIэмыгъэщIэгъуэнщи, щымыуауэ къыщIэкIащ.**

**♦Нэф къэплъэжам: «ТхьэмыщкIэр лъагъугъуафIэкъым», - жиIэурэ благъи, Iыхьлыи, гъунэгъуи, ныбжьэгъуи Iумпэм ищIри, зэманым аргуэру нэф щищIыжам лъагъугъуейуэ къилъытахэр гъуэгугъэлъагъуи хуэхъужакъым.**

**♦«Тобэ ярэби, мы Алыхьым и къарур сыту ин, пситI-щы ди зэхуаку дэлъми, гъуэгуанэ кIыхь къызэпичри, Дэгухэ ди пхъур Хьэфизхэ я щIалэ ишащ», - жиIэрт си гъунэгъу щIалэм, къэхъуар фIэтелъыджэу.**

**♦ЗэхъуэкIыныгъэхэр къэралым кууэ щекIуэкI, цIыху цIыкIур икъукIэ гугъу щехь лъэхъэнэт. Гуп зэхэсым дунейм ехыжа я благъэхэр, ныбжьэгъухэр, цIыхугъэхэр ягу къагъэкIыжу я цIэ кърaIуэху, «тхьэмыщкIэ мыгъуэ» псалъэр щIагъурт. Щыму, хэгупсысыхьауэ щыса зы щIалэ къэпсалъэри: «Мы Горбачеврэ Ельцинрэ псэумэ, а «тхьэмыщкIэ» жыхуэфIэхэм демыхъуэпсэжыну си фIэщ хъуркъым», - жиIауэ щытащ.**

**♦«Фи лъэIукIэ зэхэтлъхьа» концертым хуэгъэзауэ, унэгуащэ Хьэлимэт и тхыгъэ: «Нобэ илъэс 30 ирокъу зы махуэ «уэху» жызамыгъэIэу гугъу сезыгъэхь си щхьэгъусэмрэ абы и адэ-анэмрэ зэрысшэчри, «ГъущIыпсэ», «СыщIэпсэумрэ сыщIэлажьэмрэ фэращ» жыхуиIэ уэрэдхэр къысхуевгъэтамэ, икъукIэ си гуапэ хъунт, псапи къэфхьынт».**

ШАФИЙ Аслъэн.

**● Фэ фщIэрэ?**

## Гуэнтхьэмадэ

Нысашэхэм, тхьэлъэIухэм деж ерыскъыр зэзыгъэзахуэ цIыху, шхын тет. Гуэнтхьэмадэ ящI хабзэр лъэпкъым щыщ нэхъыжь гуэрщ, бзылъхугъэуи къыщыкIуэ щыIэщ. Абы шхыныр зэрегъакIуэ, хэт сыт лъысыпхъэми егъэнахуэ. Гуэнтхьэмадэм къуэдзэ зыбжанэ иIэщ, шхыныр яхъумэу. Шхыныр нокIуэкIэ къызыпэщIэхуэм иритыркъым. Ар фIэгъэнапIэ ящIыри, щIалэгъуалэр нэхъри мэятэ, шхын къытрахыу зыIуагъэхуэн папщIэ.

## Жаншэрхъ

Нартхэм я джэгукIэ Iэмэпсымэщ, гъущI шэрхъышхуэщ, и дзакIэхэр папцIэу.

Жаншэрхъыр Хьэрэмэ Iуащхьэ кърагъэжэхырти, Iуащхьэ лъабжьэм щIэтыр еуэжу дрихуеижын хуейт - натIэкIэ, лъапэкIэ, IэгукIэ, бгъэгукIэ, блыпкъыщхьэкIэ. Сосрыкъуэ яукIын мурад зыщIа нартхэм абы и тIасхъапIэр къащIэри, лъэгуажьэкIэ кърагъэуэжащ. И лъакъуитIыр жаншэрхъым пихри, Сосрыкъуэ абы икIуэдыкIыжащ.

## МафIэелъэ

Гъатхэм деж, гъэрэ щIырэ щызэхэкIым, мафIэ ящIырти, къуажэ цIыхури Iэщри ирагъалъэрт, илъэсыр икIыху узрэ бзаджэрэ къажьэхэмыуэн папщIэ.

МафIэелъэ хуащI хабзэт фыз мылъхуэми. Абы тхьэмахуиблкIэ зыхуагъэхьэзырырт, щащIыр ТхьэщIагъ мэзырат, тыхьу яукIырт бжэн. МафIэм ирагъэлъэн ипэ дауэдапщэм хэт цIыхухъухэм фоч ягъауэрт, бжэн зэщIэс фызым и гъуэгу къытрагъэлъадэрт, бзылъхугъэхэм, езы нысэр яхэту, мафIэр къауджыхьырт.

**● Унагъуэц Iэхэр**

# Дэ тщыщ хъужахэр

КУЭДРЭ къэхъуу щытащ, лIы иукIарэ, бий игъуэтамэ, нэгъуэщI хамэ лъэпкъхэм къахэкIыу «мыбы сыкъыкъуэнэнщ», - жиIэу адыгэм и щхьэ кърихьэлIэу. Апхуэдэр а зэкIуэлIам къуэшу зыгуигъэувэрти, унагъуэ ищIырт. И деж щыIэурэ, мо зи унэцIэ ямыщIэм, а здэщыIэм и унэцIэмкIэ еджэурэ, абы ей дыдэ хъужырт. Иджыпстуи лIыжьхэм, хъыбар щаIуатэкIэ, зэныкъуэкъуу зэхыбох, «тхьэ дыгъэIэ, ахэр зыкIи зэмыкъуэш, зыкIи зэмыблагъэ, зыкIи зэбгъэдэмыхьэ, япхъу зэрышэ хъунум. Ар лIыукIкIэ мопхуэдэ лъэпкъым къахэкIри, «сыкъыкъуэнэнщ», - жиIэри и щхьэр кърихьэлIати, и унэцIэр къищтауэ аращ», - жаIэу.

Е зэкIуэлIам зыгуимыгъэхьэу, къуажэгъуу къаригъащтэрти, къуажэм щыщ щыхъу щыIэт. Апхуэдэм и унэцIэр ямыщIэу, езыр къызыхэкIа лъэпкъымкIэ еджэурэ, ар унэцIэ дыдэу къыхуэнэрт. Апхуэдэ ди куэдщ, адыгэ къытхэхъухьыжахэу. Къапщтэу щытмэ: Къущхьэхэ, Къущхьэунэхэ, Ингушхэ, Шэшэнхэ, Насрэнхэ, Сулыхэ, Таркъыхэ, Къумыкъухэ, Гуэбэшыхэ, Сонэхэ, Къэзанхэ, Тэтэрхэ, Нэгъуейхэ, Къалмыкъхэ, Балъкъэрхэ, Къэрэшейхэ, Урысхэ, Джаурхэ, Джаурджийхэ, н. къ.

Е мыпхуэдэуи къэхъурт: IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щыдимыIэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIыурэ IэщIагъэкIэ къытхэзэрыхьырти, я унэцIэр зэрамыщIэм къыхэкIыу, я IэщIагъэмкIэ еджэурэ унэцIэ яхуэхъужырт: ДыщэкIхэ, ГъуэплъащIэхэ, Молэхэ, Ефэндыхэ, н. къ.

Апхуэдэурэ адыгэм къыхыхьауэ щыIэхэм я лъэпкъыцIэхэр къэплъыхъуэжмэ, езы адыгэ нэсу щыIэм хуэдиз хъунущ.

Е адыгэм и хабзэмрэ и лIыгъэмрэ папщIэ къахыхьэурэ Iэджэ адыгэ хъужащ, ахэр езы къызыхэкIа лъэпкъым я нэхъ лъэрызехьэу, я нэхъ шэрыуэу щыт пэтми. Апхуэдэхэр адыгэм къащыхыхьам, я унэцIэ дыдэр къыздахьащ.

# Псалъэзэблэдз



***Къехыу:*** **1**. Я нэхъыкIэм ... щIеуд. **2**. ... и кIапэр щыдэуейм, бжэныр дыхьэшхащ. **5**. Уи япэкIэ мывэ хъурей ..., ухуэзэжынщ. **7**. Нысэшхуэ и мастэу ... **8**. Зымышхыжын и мэкъумэш ... **9**. ... малъэри, хейм и лъакъуэр щIеуд. **13**. ... кIымэ, фадэр хахуэщ. **14**. ... кIуэдмэ, и кIыр дыщэщ.

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. ... гъуммэ, шхэрейщи, нысэр кIэнтIмэ, шхын щIэлIэщ. **4**. ... щыкъуейм лъапцIэу ухэмыувэ. **6**. Къэзыхь зышхыж ... мэхъу. **8**. МыхъумыщIэ ... IэщIагъэ хуейкъым. **10**. ЦIыхум и ... и лэжьыгъэрщ. **11**. ... и Iуданэ кIыхьщ. **12**. ... зиIэм унафэри IэщIэлъщ. **14**. Япэ ... ущIэмынакIэ. **15**. ... икIэ мэхъу. **16**. Илъагъуну и нэр къокI, илъэгъуамэ, и ... покI. **17**. Армум хиса жыгыр ... **18**. ... куэдрэ щысмэ, бысымыр йозэш.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

**Жэпуэгъуэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. ЗымыщIэжым; **6**. МафIэ; **9**. Щхьэж; **10**. Щхьэщытхъу; **11**. Гуныкъуэгъуэ; **12**. ЦIыхум; **14**. Удын; **15**. Пхуэхьынкъым.

***Къехыу:*** **1**. Нысэ; **2**. Дыджщ; **4**. Хабжэркъым; **5**. Хуэныкъуэкъым; **7**. Адэжынэ; **8**. Бжыхьэпэ; **13**. Махуэ; **14**. УмыщI.

**● Псалъэ Iущхэр**

# Нэхумрэ IэфIымрэ щыщIэркъым

**♦Зауэми, мафIэми, псыми гущIэгъу жыхуаIэр ящIэркъым, запэщIумыгъахуэмэ нэхъыфIщ.**

**♦ЦIыхум и укIытэ псори щыгъэпщкIуар и нэращ, ар мыукIытэмэ, адрейхэм уащымыгугъыххэ.**

**♦ТхьэмыщкIэм и тхьэусыхафэр бейм фIэдыхьэшхэнщ.**

**♦Дэтхэнэ цIыхуми зегъэщIэращIэ, езым тэмэму зыкъыщыхъужыху.**

**♦Гуапагъэу хуэпщIам нэхърэ нэхъыбэж гуауэ защIэу къозыщIэжыф къахокI уи ныбжьэгъухэми Iыхьлыхэми.**

**♦Напэншэр сыт хуэдэ пшыни къыпхуеуэфынущ, джэрэзуи укъыдигъэфэфынущ.**

**♦Ди адыгэ фащэр цIыху щыпкъэхэрщ зи фащэр.**

**♦Зи быныр зыгъэсэфа адэанэри ягъэса бынри дыгъэм и нэхумрэ гъащIэм и IэфIымрэ зэи щыщIэнукъым.**

КIУРАШЫН Алий.

● Гъуазджэ





# Къалащхьэм щагъэлъэгъуа ди хъугъуэфIыгъуэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ Москва щекIуэкIа Iуэху дахэхэм ящыщщ Урысейм и иджырей тхыдэмкIэ музейм къыщызэрагъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэр. ЛIэщIыгъуэхэм япхыкI гъуэгуанэ» гъэлъэгъуэныгъэ екIур. Ар фокIадэм и 21-м къызэIуахащ, мазэкIэ екIуэкIауэ пщэдей зэхуащIыж.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир 2022 гъэр Лъэпкъ гъуазджэхэм я илъэсу зэригъэувам ипкъ иткIэ, ди республикэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу къалащхьэм щагъэлъэгъуащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я IэпщIэлъапщIагъэр, гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэхэр, щэнхабзэ щIэинхэр, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI IэпэIэсагъэмрэ зэчиймрэ.

Музейм щегъэувэкIа хьэпшыпхэм уи нэгу къыщIагъэхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я блэкIамрэ нобэмрэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ археологием, тхыдэм, этнографием епхахэр. Москва яшащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм, Ткаченкэ и цIэр зезыхьэ сурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм щIэлъ гъэтIылъыгъэхэм щыщхэр, цIыху щхьэхуэхэм зэхуахьэсауэ яхъумэхэр. Псори зэхэту къапщтэмэ, я бжыгъэр 170-м щIегъу. Гъэлъэгъуэныгъэм Москва и музейм и пэш зыбжанэ еубыд.

Музейм къакIуэхэр яфIэтелъыджэу йоплъ ди лъэпкъхэм ящIу щыта Iэщэхэм, дыщэм, гъущIым, цым къыхэщIыкIа хьэпшып гъэщIэгъуэнхэм. Еплъхэр нэхъ дэзыхьэххэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, археологие къэхутэныгъэхэм къыщагъуэтыжка мывэ статуэткэр. Ар Налшык къэлъахэр къыщатIэщIым, 1923 гъэм, къагъуэтыжа телъыджэ гуэрщ. И ныбжьыр ди эрэм и пэкIэ IV лIэщIыгъуэм и кIэхэм - III и пэхэрауэ хуагъэфащэ. Мывэр бзылъхугъэ Iэпкълъэпкъым и теплъэщ. Ар щыхьэт техъуэу къалъытэ Кавказым сыт щыгъуи бзылъхугъэм и мыхьэ-нэр щылъагэу, анэм и пщIэр щылъапIэу къызэрекIуэкIам.

Япэ пэшым занщIэу нэм къыщыуидзэр альбом-ларькIэ зэджэращ. А тхылъ Iувыр Къэбэрдейм къыбгъэдэкIыу тыгъэ хуащIауэ щытащ пащтыхь гуащэ Марие Федор и пхъум. Пэшым и хъуреягъкIэ фIэлъщ ди сурэтыщI цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Абыхэм ящыщщ Къэзанокъуэ Жэбагъы и теплъэ зиIэ скульптурэр, Мечиев Кязим и сурэтыр, ди щIыпIэ дахэхэр къызэрыщхэр, нэгъуэщIхэри. Сабийхэм, цIыхубзхэм, цIыхухъухэм ящыгъа лъэпкъ фащэхэмрэ абыхэм якIэрылъа хьэпшып цIыкIуфэкIухэмрэ сыхьэт бжыгъэкIэ зэпэплъыхьыфынущ. Ахэр щызэрахьар 18-нэ лIэщIыгъуэм и кIэхэрщ, 19-нэм и пэхэрщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм и экспонат гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ, сэ япэу слъэгъуауэ аращ, пащтыхь Александр Ещанэмрэ абы и щхьэгъусэмрэ Къэбэрдейм къыщыкIуам адыгэхэм тыгъэу иратауэ щыта адыгэ Iэнэ лъакъуищыр. Ар 1888 гъэм Владикавказ щрагъэщIауэ щытащ.

Пэшым щIэлъщ адыгэ, балъкъэр Iэщэ-фащэхэр. Адыгэ уанэ, таж пыIэ, сэшхуэ, къамэ, фоч, адыгэ бзылъхугъэм зэрызигъэщIэращIэу щыта хьэпшыпхэр гум зимыгъэнщIу зэпыбоплъыхь.

Гулъытэншэ хъуакъым Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман и «Кабардинская сюита» (1988 гъэ) теплъэгъуэхэр, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Крымшамхалов Хьэмзэт жэзым къыхищIыкIа и статуэткэхэр, цIыху IэпщIэлъапщIэ ПIаз Александр жэзымрэ гъуаплъэмрэ къыхищIыкIа хьэкъущыкъухэр, дыщэидзэм хуэIэзэ Тхьэгъэлэдж Агнессэ и бзылъхугъэ хьэпшып цIыкIухэр, нэгъуэщIхэри.

Мы гъэлъэгъуэныгъэм псэ хэзылъхьэр лъэпкъ IэщIагъэхэм ирилажьэ цIыху IэпщIэлъапщIэхэрщ. Апхуэдэу гъущIым, жэзым, дыщэм хьэпшып дахэхэр къыхэзыщIыкI дыщэкI Тумэ Залым махуэшхуэ дауэдапщхэм ирихьэлIэу игъэлъэгъуащ абыхэм зэрелэжь щIыкIэр. Цы пщIыным зэрыхуэшэрыуэр, абы куэд къызэрыхищIыкIыфыр къекIуэлIахэм нэрылъагъу ящищIащ Текуевэ Динэ. ДыщэидзэмIи щэхухэр игъэлъэгъуащ Щоджэн Лянэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм и хьэщIахэм тыншу я нэгу къыщIагъэхьэфынущ балъкъэр лъэпкъым и къекIуэкIыкIар. Абыхэм мывэм быдапIэ лъагэхэр къыхащIыкIыу зэрыщытар, я унэ лъапсэхэм яIа ухуэкIэр къыщыгъэлъэгъуащ экспозицэхэм. Апхуэдэу унэлъащIэ нэхъыщхьэу яIахэм ящыщу цым къыхэщIыкIа алэрыбгъухэмрэ абыхэм къатещ сурэтхэмрэ гъэщIэгъуэнщ.

Адыгэхэм я шифэлIыфэр зыхуэдамрэ зэрыс щIыпIэм и бэягъ псори псэукIэм къыщагъэсэбэпыфу зэрыщытамрэ щыхьэт тохъуэ абыхэм я щэнхабзэ хъулейр. Ахэр шы гъэхъуным хуэнэхъуеиншу, Урысейми хамэ къэрал куэдми цIэрыIуэ щыхъуа адыгэшыр я Iэпэгъуу зэрыщытам и нэщэнэщ, уанэри адрей хуэIухуэщIэхэри. ЛIыгъэрэ хахуагъэкIэ къимыкIуэту зэрыщытар къатощ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зауэ, дзэ щыгъынхэмрэ. Лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм я къулеягъыр зыхуэдизыр наIуэ къэзыщI хьэпшыпщ Москва яша псори.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ плъыфэ куэду зэрызэпещIыкIыр, лъэпкъхэм къадекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэфар, Урысейм ис лъэпкъ цIыкIухэм, къэралышхуэм и нэIэ щIэту, я тхыдэр зэрахъумэжымрэ нобэрей махуэм зэрызиужьымрэ къыхагъэщащ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым хэта, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс, Урысейм и иджырей тхыдэмкIэ музейм и унафэщI Великановэ Иринэ сымэ.

МазэкIэ екIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм еплъащ москвадэсхэмрэ къалащхьэм и хьэщIэхэмрэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Псым щысакъын хуейщ

● Гу зылъытапхъэ

**Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм щызэхалъхьэжащ 2022 гъэм псыхэм зыщыщагъэпскI пIалъэу жэпуэгъуэм и 1-м иухам кърикIуахэр.**

КЪЫЗЭДНЭКIА гъэмахуэм республикэм и щIыналъэм щызэтеублауэ щытащ зыгъэпскIыпIэу 6-рэ псым зэрытехьэ кхъуафэжьей гъэувыпIэу 4-рэ. ЦIыхухэм зыщагъэпсэхуну псыхэр, гуэлхэр хабзэм къигъэувым тету къыхахащ. КъегъэлакIуэхэр щыгъуазэ ящIащ апхуэдэ зыгъэпсэхупIэхэу цIыху куэд зэкIуалIэхэм къащыпэщыт къалэнхэм икIи удостоверенэхэр иратащ. Ахэр а IэщIагъэм щыхурагъэджащ «Къэбэрдей-Балъкъэр къегъэлакIуэ IуэхущIапIэ» центрым.

КъапщтэмэпIалъэм а IэнатIэм ехьэлIауэ республикэм къэхъукъащIэу 9 щыIащ икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, псым хихьэну хуит щамыщI щIыпIэхэм цIыхуи 7 щыхэкIуэдащ.

ЩIыналъэ МЧС-м цIыхухэм я шынагъуэншагъэр псыхэм къыщызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм, къегъэлакIуэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэм я лIыкIуэхэмрэ ящIыгъуу псыхэм къэпщытэныгъэ 34-рэ щрагъэкIуэкIащ.

МэкъуауэгъуэмкъыщыщIэдзауэ шыщхьэуIур хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым псым ехьэлIауэ шынагъуэншагъэм и мазэ щрагъэкIуэкIащ, кIэлъыплъыныгъэ, профилактикэ Iуэхухэр хыхьэу. ЩIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэм, къегъэлакIуэхэм, МВД-м я лIыкIуэхэр ящIыгъуу цIыхухэм зыщагъэпсэхуну хухахахэм, апхуэдэуи зыщагъэпскIыну хуит щамыщIхэм я нэIэ тетащ.

ЕджапIэхэмрэ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэмрэ ныбжьыщIэхэми абыхэм щылажьэхэми псым щысакъыным теухуа псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIащ. А лэжьыгъэм къызэщIиубыдащ цIыху 1800-м щIигъу икIи зытетыпхъэ хабзэхэр нэрылъагъу зыщI сурэтхэр зытет буклетхэр хуагуэшащ.

КъБР-м ипсхэм цIыху щыхэкIуэдар щызэхагъэкIым къызэригъэлъэгъуащи, щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр хуит щамыщI щIыпIэхэм зэрызыщагъэпскIарщ, псым фIыуэ зэремысыфырщ, адэ-анэхэм я нэIэ сабийхэм зэрытемытырщ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**



● Дзюдо

# Урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтынухэр

**Грознэ къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм дзюдомкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ КИФЩI-м и щIыналъэ псоми щыщ, зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуа спортсмен 300-м нэблагъэ.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэ къыхэхам Шэшэным зэфIэкI лъагэхэр къыщигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу ди спортсменхэм зэхьэзэхуэм медаль зэмылIэужьыгъуэу 6 къыщахьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ щыбэна гупхэм пашэныгъэхэр щаубыдащ Къанокъуэ Ариannэ (кг 48-рэ), Байсиев Таулан (кг 81-рэ), Гаев Омар (кг 100) сымэ. Дыжьын медалыр зыIэригъэхьащ килограмми 100-м щIигъу зи хьэлъагъ Балъкъыз Залым. Мысыр Каринэрэ (кг 48-рэ) Быф Идаррэ (кг 100) зэхьэзэхуэм домбеякъ медалхэр къыщахьащ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм дзюдомкIэ и зэхьэзэхуэ зэIухам япэ увыпIэхэр къыщызыхьа спортсменхэм Iэмал ягъуэтащ щэкIуэгъуэм и 24-м Красноярск къалэм щекIуэкIыну урысейпсо зэпеуэм хэтыну.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.736 • Заказыр №2137

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольск уэрам, 5-А